

**TEMbung ARAN ANDHAHAN WONTEN ING CARIYOS  
“PARA ABDI SAMI CECATURAN”  
ANGGITANIPUN MAS NGABEI WASESA PANGRAWIT**

**SKRIPSI**

**Dipunaturaken Dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Kangge Jangkepi Satunggaling Sarat  
Minangka kangege Pikantuk Gelar Sarjana Pendidikan**



dening

Danu Wicaksono

NIM 10205244023

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2014**

## PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Tembung Aran Andhahan Wonten ing Cariyos Para Abdi Sami Cecaturan* punika sampun pikantuk palilah dening *pembimbing* kangge dipunujekaken wontening pendadaran.



Yogyakarta, 5 Mei 2014

Pembimbing

A handwritten signature in black ink, appearing to read "H. Siti Mulyani".



Siti Mulyani, M. Hum.

NIP. 19620729 198703 2 002

## PANGESAHAAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Tembung Aran Andhahan Wonten ing Cariyos Para Abdi Sami Cecaturan* punika sampaun dipunandharaken wonten ing *pendadararan sangajenging Dewan Penguji* wonten ing tanggal 02 Juni 2014 saha dipuntetepaken lulus.

### DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Drs. Mulyana, M.Hum.	Ketua Penguji		<u>05 Juni 2014</u>
Sri Hertanti Wulan, M.Hum.	Sekretaris Penguji		<u>05 Juni 2014</u>
Drs. Hardiyanto, M.Hum.	Penguji I		<u>05 Juni 2014</u>
Dra. Siti Mulyani, M.Hum.	Penguji II		<u>05 Juni 2014</u>

Yogyakarta, 05 Juni 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



NIP. 19550505 198011 1 001

## WEDHARAN

Ingkang tandhatangan wonten ngandhap punika, kula:

Nama : Danu Wicaksono

NIM : 10205244023

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa


Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Ngandharaken bilih *karya ilmiah* ingkang kula damel punika saestu  
damelanipun kula piyambak. Samangertoskula, *karya ilmiah* punika wosipun  
dereng dipunserat deningtiyang sanes, kajawi babagan tartamtu ingkang kula  
pundhut minangka *acuan* kanthi adhedhasar tata cara saha *etika* panyeratan  
*karyailmiah.*

Seratan wonten wedharan punika dipunserat kanthi sacstu, manawi  
kasunyatanipun kabukten bilih wedharanpunika boten leres, bab punika dados  
tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 5 Mei 2014

Panyerat,



Danu Wicaksono

## **SESANTI**

*“Aja Dumeh”*

## **PISUNGSUNG**

Kanthi raos puji syukur dhumateng Gusti Allah SWT, *karya ilmiah* punika  
dipunpisungsungaken dhateng tiyang sepuh kula, Bapak saha Ibu ingkang sampun  
paring pandonga saha panyengkuyung.

## PRAWACANA

Puji sukur konjuk dhumateng ngarsanipun Gusti Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha hidayah dhateng panyerat satemah panaliten kanthiirah-irahan “Tembung Aran Andhahan Wonten ing Cariyos Para Abdi Sami Cecaturan” saged kaimpun kangge jangkepi satunggaling sarat minangka kangge pikantuk gelar sarjana pendidikan. Salawat sarta salam ugi konjuk dhumateng Nabi Muhammad SAW ingkang sampun paring safangatipun.


Panyeratan skripsi punika saged pungkasan tamtu amargi panyengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking punika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. RochmatWahab, M.Pd MA, minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Mpd minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat skripsi punika.
3. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pandom anggen kula sinau wontening Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
4. Bapak Prof. Dr. Suwarna minangka Penasehat Akademik ing kang kanthi sabar anggenipun bombing kula salebetung sinau wonten Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
5. Ibu Siti Mulyani M. Hum minangka Pembimbing, ingkang sampun paring bimbingan dhateng panyerat kanthi tlatos saha sabar.
6. Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh ingkang mawarni-warni.
7. Tiyang sepuh kula, Bapak Suyono saha Ibu Sunaryati sarta rayi kula puput ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga dhateng panyerat.

8. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Daerah sarta sedayanipun ingkang boten saged kula sebutaken setunggal-setunggal ingkang sampun paring pambiyantu satemah skripsi punika saged kaimpun.

Tamtu kemawon panyeratan skripsi punika dereng saged kawastanan kanthi sampurna. Pramila sedaya panyaru wesarta pamrayogi dipuntampi kanthi jembaring manah supados panaliten punika saged langkung sae, jangkep saha saged sampurna. Mugi-mugi panaliten punika gadhah paedah kangge sedayanipun ingkang maos skripsi punika.

Yogyakarta, 5 Mei 2014

Panyerat,  
  
Danu WIcaksono

PASARUJUKAN .....	ii
PANGESAHAAN .....	iii
WEDHARAN .....	iv
SESANTI .....	v
PISUNGSUNG .....	vi
PRAWACANA .....	vii
WOSING ISI .....	ix
DHAFTAR TABEL.....	xi
DHAFTAR GAMBAR .....	xii
DHAFTAR <i>LAMPIRAN</i> .....	xiii
DHAFTAR CEKAKAN .....	xiv
SARINGAN PANALITEN.....	xv

## BAB I PURWAKA

A. DhasaringPanaliten .....	1
B. UnderaningPerkawis .....	4
C. WatesaningPerkawis .....	4
D. WosingPerkawis .....	5
E. AncasingPanaliten .....	5
F. PaedahingPanaliten .....	6
G. Pangertosan .....	6

## BAB II GEGARAN TEORI

A. <i>Morfologi</i> .....	7
1. Pangertosan .....	7
2. Proses <i>morfologi</i> .....	8
B. Tembung .....	9
1. Pangertosan .....	9
2. Wujud tembung .....	9
3. Jinis tembung .....	17
4. Tembung aran .....	20
5. Tembung aran andhahan .....	24

C. <i>Produktifitas</i> .....	39
D. Nalaring Pikir .....	40
E. Panaliten ingkang Jumbuh .....	41

### BAB III CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten .....	43
B. <i>Data saha Sumber Data</i> .....	43
C. Cara Ngempalaken <i>Data</i> .....	43
D. Pirantining Panaliten .....	44
E. Cara <i>Nganalisis Data</i> .....	45
F. <i>Validitas saha Reliabilitas</i> .....	46

### BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten .....	48
B. Pirembagan .....	54
1. Wuwuhan pandhapuking tembung aran .....	55
2. <i>Produktifitas</i> wuwuhan ingkang ndhapuk tembung aran.....	84

### BAB V PANUTUP

A. Dudutan .....	87
B. <i>Implikasi</i> .....	89
C. Pamrayogi .....	90

KAPUSTAKAN ..... 91

LAMPIRAN ..... 93

## **DHAFTAR TABEL**

	Kaca
<i>Tabel 1.0 : Tembung aran andhahan salebeting cariyos Para Abdi Sami</i>	
Cecaturan.....	46
<i>Tabel 2.0 : Tembung aran andhahan salebeting cariyos Para Abdi Sami</i>	
Cecaturan.....	48

## **DHAFTAR GAMBAR**

Gambar1.0 : <i>Format Kertu data tembung aran andhahan.....</i>	Kaca 44
---	------------

## **DHAFTAR *LAMPIRAN***

Lampiran1.0 : Tabel Analisis Tembung Aran Andhaha.....	Kaca 93
--	------------

## **DHAFTAR CEKAKAN**

- Cch : Cacah  
D : Dhasar  
N : Nasal  
No : Nomer  
PASL : Para Abdi Sami Cecaturan  
Pr : Prakatagorial  
TA : Tembung Aran  
TAA : Tembung Aran Andhahan  
TKa : Tembung Kaanan  
TKr : Tembung Kriya  
WD : Wujud Dhasar

**TEMBUNG ARAN ANDHAHAN  
WONTEN ING CARIYOS PARA ABDI SAMI CECATURAN  
ANGGITANIPUN MAS NGABEHI WASESA PANGRAWIT**

**Danau Wicaksono  
NIM 10205244023**

**SARINING PANALITEN**

Panaliten menika gadhah tigang ancas. Ancas ingkang sapisan, panaliten menika kange ngandharaken pandhapuking tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan. Kaping kalih, panaliten menika gadhah ancas kange ngandharaken teges wuwuhan ingkang ndhapuk tembung aran andhahan salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan, saha ingkang kaping tiga panaliten menika gadhah ancas kange ngandharaken *produktifitas* wuwuhan salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Sumber *data* ingkang dipunginakaken inggih menika cariyos Para Abdi Sami Cecaturan anggitanipun Mas Ngabehi Pangrawit. *Data* saking panaliten menika awujud tembung aran andhahan. Cara ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika kanthi cara maos saha nyerat. *Data* dipungarap kanthi cara *analisis deskriptif*. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *triangulasi teori*, lajeneg *realibilitasipun* inggih menika *realibilitas stabilitas*, supados *data* asiling panaliten menika ajeg.

Asiling panaliten menika kaandhareken pangrimbagipun tembung aran andhahan, teges, saha produktifitas wuwuhan ingkang ndhapuk tembung aran andhahan. Wuwuhan ingkang ndhapuk tembung aran andhahan wonten 8 jinis, inggih menika {pa-}, {paN-}, {pra-}, {pi-}, {-an}, {-e}, {pa-/an}, {ka-/an}. Wuwuhan {pa-} gadhah makna perangan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Wuwuhan {paN-} gadhah makna ingkang dipun-D. Wuwuhan {pra-} gadhah fungsi mbentuk tembung aran. Wuwuhan {pi-} gadhah makna ingkang dipun-D-aken. Wuwuhan {-an} gadhah makna panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, nirokaken utawi kados ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, perangan ingkang sifatipun kados ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, asiling tumindak ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, saha piranti kange nindakaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Wuwuhan {-e} gadhah makna *kepemilikan* tartemu. Wuwuhan {pa-/an} gadhah makna panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, perangan ingkang dipun-D, piranti kange nindakaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, proses nindhakaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, saha panggenan ingkang gayut kaliyan menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Wuwuhan {ka-/an} gadhah makna perangan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Wuwuhan ingkang paling *produktif* inggih menika wuwuhan {-e}.

## BAB I

### PURWAKA

#### A. Dhasaring Panaliten

Basa inggih menika satunggaling piranti kangge sesrawungan manungsa. Kanthi ngginakaken basa, manungsa menika saged ngandharaken gagasan dhateng tiyang sanes. Gagasaning manungsa menika saged kaandharaken kanthi ukara-ukara ingkang kadadosan saking reroncening tembung. Tembung inggih menika reroncening swanten ingkang dipunwedharaken saking salebeting lisan ingkang gadhah teges. Tembung menika saged kaperang miturut jinisipun, inggih menika tembung aran, tembung kriya, tembung sifat, tembung katrangan, tembung sesulih, tembung wilangan, tembung panggandheng, tembung ancer-ancer, tembung panyilah, saha tembung panyeru (Sasangka, 2001:98).

Tembung aran inggih menika tembung ingkang ngandharaken nama barang utawi sedaya ingkang kaangep barang. Tembung aran menika menawi dipuntingali saking wujudipun kaperang dados kalih, inggih menika tembung aran *monomorfemis* saha tembung aran *polimorfemis*. Tembung aran *monomorfemis* tegesipun tembung aran ingkang kadadosan saking setunggal morfem, tuladhanipun kembang, guru, saha omah. Tembung aran *polimorfemis* menika tembung aran ingkang kadadosan saking kalih *morfem* utawi langkung.

Pangrimbagipun tembung aran *polimorfemis* menika wonten maneka warni proses *morfologis*, salah satunggalipun inggih menika nambahaken wuwuhan saengga ngasilaken tembung aran andhahan. Tembung aran andhahan menika perlu dipuntliti amargi tembung aran andhahan menika saged karimbag saking jinis tembung sanes, kadosta tembung kriya, tembung kaanan, saha

tembung wilangan. Tuladhanipun tembung pawuhan, patukon, pasepen saha pratelon.

Tembung ‘pawuhan’ menika saking tembung uwuh, jinis tembungipun tembung aran ingkang pikantuk wuwuhan {pa-/an}. Wuwuhan {pa-/an} wonten ing tembung pawuhan nggadhahi makna “panggenan ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”. Tembung ‘patukon’ menika saking wujud dhasar tuku, jinisipun tembung kriya ingkang pikantuk wuwuhan {pa-/an}. Wuwuhan {pa-/an} wonten ing tembung patukon nggadhahi makna “piranti kangge nglaksanakaken menapa ingkang kasebut wonten ing lingganipun”. Tembung ‘pasepen’ menika saking wujud dhasar ‘sepi’, ingkang jinisipun tembung kaanan pikantuk wuwuhan {pa-/an}. Wuwuhan {pa-/an} wonten ing tembung pasepen nggadhahi makna “panggenan ingkang kasebut wonten ing lingganipun”. Tembung ‘pratelon’ menika saking wujud dhasar telu, ingkang jinisipun tembung wilangan pikantuk wuwuhan {pra-/an}. Wuwuhan {pra-/an} wonten ing tembung pratelon nggadhahi makna “panggenan ingkang kasebut wonten ing lingganipun”.

Saking tuladha ing nginggil menika saged katingal bilih tembung aran andhahan menika saged kadhapuk saking jinis tembung sanes. Tembung aran andhahan menika saged dipunpanggihaken wonten ing basa ingkang awujud lisan utawi seratan. Salah satunggaling seratan ingkang wonten tembung aran andhahan inggih menika cariyos kanthi irah-irahan Para Abdi Sami Cecaturan anggitanipun Mas Ngabei Wasesa Pangrawit. Tuladha ukara ingkang ngemu tembung aran

andhahan ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan saged dipuntinggali wonten ing pethikan ngandhap menika.

*Kuwi dudu pasemon, niyate ngarani mentah-mentahan. (Partini B, 2010:6)*

Saking pethikan ing nginggil tembung ‘pasemon’ ingkang dipuncithak kandel menika kalebet tembung aran. Tembung ‘pasemon’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan. Tembung ‘pasemon’ menika asalipun saking tembung lingga semu, jinis tembungipun tembung kaanan ingkang pikantuk wuwuhan {pa-/an} dados pasemon. Saking andharan ing nginggil tembung ‘pasemon’ menika sampun ewah saking tembung lingganipun sarana pikantuk wuwuhan {pa-/an}. Wuwuhan {pa-/an} wonten ing tembung pasemon nggadhahi teges “panggenan menapa ingkang kasebut wonten ing lingganipun”.

Tuladha ing nginggil menika satunggaling tembung aran andhahan ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan. Cariyos Para Abdi Sami Cecaturan Menika taksih kathah dipunpanggihaken tembung aran andhahan ingkang sanes. Saking andharan menika, tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika perlu dipuntlti. Panaliten menika badhe ngandharaken pangrimbagipun tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.

## **B. Underaning Perkawis**

Saking andharan dhasaring panaliten wonten nginggil wau, saged dipunpanggihaken perkawis-perkawis ingkang saged dipuntliti. Underaning perkawis ingkang saged dipuntliti kaandharaken ing ngandhap menika.

1. *Fungsi* tembung aran andhahan wonten ing ukara.
2. Pandhapuking tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.
3. Tegesipun tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.
4. *Produktifitas* wuwuhan ingkang ndapuk tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.

## **C. Watesaning Perkawis**

Wonten ing andharan perkawis ing nginggil, saged dipunpanggihi maneka warni perkawis. Supados surasaning andharan boten wiyar sanget saha ancasing panaliten ingkang dipunkajengaken saged kacepeng, pramila dipunbetahaken watesaning perkawis. Watesaning perkawis wonten ing panaliten menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Pandhapuking tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.
2. Tegesipun tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.
3. *Produktifitas* wuwuhan ingkang ndapuk tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.

## **D. Wosing Perkawis**

Saksampunipun perkawis ingkang badhe dipuntliti dipunwatesi, pramila saged dipunandharaken wosing perkawis, ing ngandhap menika wosing perkawis ingkang badhe dipuntliti.

1. Kadospundi pandhapuking tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan?
2. Kadospundi tegesipun tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan?
3. Kadospundi *Produktifitas* wuwuhan ingkang ndapuk tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.

## **E. Ancasing Panaliten**

Adhedhasar saking wosing perkawis ingkang sampun dipunsebutaken ing nignggil, ancasing panaliten dipunandharaken ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken pandhapuking tembung aran mawi wuwuhan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.
2. Ngandharaken tegesipun tembung aran mawi wuwuhan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.
3. Ngandharaken *produktifitas* wuwuhan ingkang ndapuk tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.

## **F. Paedah Panaliten**

Panaliten menika gadhah manfaat ingkang asipat teoritis kaliyan praktis. Ingkang asipat teoritis, panaliten menika saged miyaraken wawasan babagan variasi basa, mliginipun tembung aran andhahan. Lajeng ingkang asipat

praktis, panaliten menika saged paring ngelmu utawi wawasan babagan tembung aran andhahan ingkang wonten ing novel Para Abdi Sami Cecaturan.

#### **G. Pangertosan Istilah**

1. Tembung aran inggih menika tembung ingkang ngandharaken nama barang utawi sedaya kemawon ingkang dipunanggep barang kanthi *abstrak* saha *konkrit*.
2. Tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking lingganipun amargi dipunsukani imbuhan.
3. Tembung aran andhahan inggih menika tembung aran ingkang kadhapuk saking proses nambahaken wuwuhan saengga ngasilaken tembung aran andhahan.
4. Cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika anggitanipun Mas Ngabehi Wasesa Pangrawit. Cariyos menika kapendet saking antalogi cariyos jawi kanthi irah-irahan Emas Sumawur Ing baluwarti anggitanipun Partini B ing tahun 2010.

## **BAB II**

### **GEGARAN TEORI**

#### **A. Morfologi**

##### **1. Pangertosan Morfologi**

Mulyana (2011:2) ngandharaken bilih *morfologi* menika perangan saking *lingistik* ingkang ngrembag wujudipun tembung, ewah-ewahanipun tembung, saha asiling saking ewah-ewahaning tembung menika dhumateng teges saha jinis tembung. Wosing pirembagan saking *morfologi* menika tembung, paugeran pangrimbagipun, saha ewah-ewahanipun. Gayut kaliyan pamanggihipun Mulyana, Ramlan (1978:17) ugi ngandharaken bilih *morfologi* menika perangan saking ngelmu basa ingkang ngrembag theg kliwer tembung sarta ewah-ewahanipun wujud tembung. Sasangka (2001:34) ugi ngandharaken bilih widyatembung (*morfologi*) utawi tatabasa kalebet sempalaning paramasastra ingkang ngrembag saha nyinau bab tembung, dumadinipun tembung, saha ewahipun satunggaling tembung dados tembung sanes amargi kawuwuhan imbuhan. Sasangka ngandharaken bilih ilmu widyatembung lumrahipun sinebut *morfologi*.

Pangertosan saklajengipun dipunandharaken dening Verhar (1996:97) ingkang ngandharaken bilih *morfologi* inggih menika satunggaling ngelmu basa ingkang ngrembag babagan *satuan-satuan gramatikal*. Magepokan kaliyan *satuan gramatikal* Nurhayati saha Siti mulyani (2006:64) ngandharaken bilih *morfologi* menika wonten kalih *satuan gramatikal*, inggih menika tembung minangka *satuan* ingkang ageng saha *morfem* minangka *satuan* ingkang alit.

Saking andharan para ahli menika saged kadamel dudutan bilih *morfologi* menika cabang *linguistik* ingkang ngrembag babagan tembung saha paugeran pangrimbagipun saha ewah-ewahanipun tembung. *Morfologi* menika ingkang dipunrembag inggih menika babagan tembung, wiwit saking wujud, jinis, saha tegesipun tembung.

## 2. Proses Morfologi

Samsuri (1983:190) ngandharaken bilih proses *morfologis* menika minangka cara pandhapuking tembung-tembung kanthi nggabungaken *morfem* santunggal kaliyan *morfem* sanesipun. Sudaryanto (1992:18) ugi ngandharaken bilih proses *morfologis* inggih menika proses pandhapuking tembung kanthi ngewah-ewahi wujud dhasaripun ingkang statusipun *morfem leksikal*. Pandhapukipun tembung menika kanthi cara nggabungaken *morfem leksikal* kaliyan *morfem terikat*. Pangertosan salajengipun dipunandharaken Ramlan (1978:44) ingkang ngandharaken bilih proses *morfologis* inggih menika proses pandhapuking tembung saking *satuan lingual* ingkang awujud lingga.

Miturut Subrata (1991); Verhar (1987:52-64); Sudaryanto, (1991:15); wonten ing Mulyana (2011:13) umumipun proses ewah-ewahan *morfologis* menika wonten 3 inggih menika *afiksasi*, *reduplikasi*, saha *komposisi*. Poudjosoedarmo (1979:6) ugi ngandharaken bilih proses ewah-ewahan *morfologis* menika wonten *afiksasi*, *reduplikasi*, saha *pemajemukan*.

Saking andharan para ahli menika saged kadamel dudutan bilih prsoses *morfologis* inggih menika proses ewah-ewahaning tembung kanthi cara

nggabungaken *morfem leksikal* kaliyan *morfem terikat*. Proses *morfologis* menika wujudipun wonten tiga inggih menika *afiksasi*, *reduplikasi*, saha *komposisi*.

## B. Tembung

### 1. Pangertosan

*Morfem* bebas minangka *satuan gramatikal* wonten ing *morfologi* kasebut tembung, saengga tembung menika *satuan* bebas ingkang paling alit. Magepokan tembung menika wedhawati (2001:37) ugi ngandharaken bilih tembung inggih menika *satuan lingual* ingkang langkung alit wonten ing tata ukara. Pangertosan menika sami kaliyan Samsuri (1983:190) ingkang ngandharaken bilih tembung inggih menika wujud paling alit ingkang bebas. Pangertosan salajengipun dipunandharaken dening Sasangka (2001:34) ingkang ngandharaken bilih tembung inggih menika reroncening swanten ingkang dipunwedharaken saking salebeting lisan ingkang gadhah teges. Tembung wonten ing basa Jawa dipunbedakaken adhedhasar wujud saha jinisipun.

Saking andharan para ahli menika saged kadamel dudutan bilih tembung inggih menika *satuan* basa ingkang langkung alit, saged madeg piyambak saha gadhah teges. Tembung wonten ing basa Jawa dipunbedakaken adhedhasar wujud saha jinisipun.

### 2. Wujud Tembung

Sasangka (2001:34) ngandharaken bilih adhedhasar wujudipun tembung wonten ing basa Jawa menika saged dipunperang dados sekawan, inggih menika tembung lingga, tembung andhahan, tembung rangkep, saha tembung camboran.

Sami kaliyan Sasangka, Poerwadarminta (1953:17) ugi ngandharaken bilih tembung menika wujudipun dipunpilah dados sekawan, inggih menika tembung lingga, tembung andhahan, tembung camboran saha tembung rangkep. Tembung-tembung menika badhe karembag wonten ing ngandhap menika.

**a. Tembung Lingga**

Sasangka (2001:34) ngandharaken tembung lingga inggih menika tembung ingkang wetah ingkang dereng rinaketan tembung menapa-menapa. Tembung lingga wonten ingkang kadadosan saking setungal wanda, kalih wanda, saha tigang wanda. Tuladhanipun bom, gong, pari, rekasa, saha kulina. Pangertosan salajengipun dipunandharaken Antunsuhono (1956:13) ingkang ngandharaken bilih tembung lingga menika sadaya tembung ingkang dereng ewah saking asalipun. Saking andharan para ahli ing nginggil saged kadamel dudutan bilih tembung lingga menika tembung ingkang wetah, ingkang dereng rinaketan menapa-menapa utawi sedaya tembung ingkang dereng ewah saking asalipun.

**b. Tembung Andhahan**

Subalidinata (1994:2) ngandharaken bilih tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking asalipun. Sami kaliyan Subalidinata, Sasangka (2001:36) ngandharaken bilih tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking lingganipun amargi dipunsukani wuwuhan. Wuwuhan utawi *afiks* basa Jawa wujudipun wonten sekawan, inggih menika ater-ater, seselan, panambang, saha wuwuhan sesarengan. Magepokan kaliyan *afiks* Wedhawati dkk (2001:38) ngandharaken bilih *afiks* inggih menika

*morfems terikat* ingkang dipunraketaken kaliyan lingganipun saengga ngasilaken tembung andhahan.

Saking andharan para ahli menika saged kadamel dudutan bilih tembung andhahan menika inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking lingganipun amargi sampun dipunsukani wuwuhan. Wuwuhan utawi *afiks* inggih menika *morfems terikat* ingkang dipunraketaken kaliyan lingganipun saengga ngasilaken tembung andhahan. Wujudipun saking wuwuhan utawi *afiks* menika wonten sekawan, inggih menika ater-ater, seselan, panambang, saha wuwuhan sesarengan.

### 1) Ater-ater

Miturut Sasangka (2001:36) ater-ater inggih menika wuwuhan ingkang mapanipun wonten ing wiwitinan tembung. Pangertosan menika sami kaliyan pangertosan Subalidinata (1994:2). Wonten ing ngelmu basa ater-ater lumrahipun sinebut *awalan* utawi *perfiks*.

Sasangka (2001:36) salajengipun ngandharaken bilih ater-ater basa Jawa cacahipun wonten kathah inggih menika : *ater-ater anuswara*, *ater-ater a-*, *ka-*, *di-*, *sa-*, *pa anuswara-*, *pi-*, *pri-*, *pra-*, *tar-*, *kuma-*, *kami-*, *saha kapi-*. Ater-ater menika anggenipun nyerat sumambung utawi gandheng kaliyan tembung lingganipun.

Saking andharan ing nginggil menika saged kadamel dudutan bilih ater-ater inggih menika wuwuhan ingkang mapanipun wonten ing wiwitinan tembung lingga utawi wonten ing sisih kiwanipun tembung lingga saha anggenipun nyerat sumambung utawi gandheng kaliyan tembung lingganipun. Ater-ater menika

wonten kathah, inggih menika *ater-ater anuswara*, *ater-ater a-, ka-, di-, sa-, pa anuswara-, pi-, pri-, pra-, tar-, kuma-, kami-, saha kapi-, ma-, dak/tak-, kok/tok-*.

## 2) Seselan

Sasangka (2001:51) ngandharaken seselan (*infiks*) inggih menika wuwuhan ingkang kadunungaken ing tengah. Pangertosan saklajengipun dipunandharaken dening Samsuri (1983:190) ingkang ngandharaken bilih *sisipan* sumlempit wonten ing tembung. Wujud saking seselan wonten ing basa Jawa menika namung sekedik. Sasangka (2001:51) ngandharaken bilih seselan ing basa Jawa cacahipun wonten sekawan inggih menika *-um*, *-in*, *-er* *saha el*. Andharanipun Sasangka menika sami kaliyan Subalidinata (1994:32) saha Mulyana (2011:16). Dipunsebat seselan amargi wuwuhan menika dumunung wonten ing madyaning tembung. *Infiks* menika biasanaipun dipunginakaken wonten ing basa seratan *lingkup sastra*, pramila sekedik sanget dipunginakaken kangge pawicantenan ing padintenan.

Saking andharan para ahli ing nginggil saged kadamel dudutan bilih seselan menika wuwuhan ingkang mapanipun wonten ing madyaning tembung lingga. Wujud saking seselan menika wonten sekawan, inggih menika *-er*, *-el*, *-um*, *saha -in*. Seselan menika biasanipun dipunginakaken wonten ing basa *lingkup sastra*, pramila sekedik sanget dipunginakaken wonten ing pawicantenan padintenan.

## 3) Panambang

Sasangka (2001:56) ngandharaken panambang utawi akhiran (*sufiks*) inggih menika wuwuhan ingkang mapanipun wonten ing pungkasning tembung.

Panyeratipun kedhah sambung kaliyan tembung lingganipun. Pangertosan Sasangka menika sami kaliyan pangertosan ipun Subalidinata (1994:2). Panambang wonten ing basa Jawa menika antawisipun *-i, -a, -e, -en, -an, -na, -ana, -ane*, saha *-ake*.

Saking andharan para ahli menika saged kadamel dudutan bilih panambang (*sufiks*) inggih menika wuwuhan ingkang mapanipun wonten ing pungkasaning tembung lingga. Panambang wonten ing basa Jawa menika antawisipun *-i, -a, -e, -en, -an, -na, -ana, -ane*, saha *-ake*.

#### 4) wuwuhan sesareangan

Sasangka (2001:75) ngandharaken wuwuhan sesareangan menika wuwuhan ingkang awujud ater-ater (*perfiks*) saha panambang (*sufiks*) ingkang dipunraketaken ing tembung lingga kanthi bebarengan. Wuwuhan menika dipunperang dados kalih, inggih menika wuwuhan sesareangan rumaket utawi *konfiks* saha wuwuhan sesareangan boten rumaket. Ingkang kalebet wuwuhan sesareangan rumaket utawi *konfiks* inggih menika *ka- -an, ke- -en, pa- -an, paA- -an, saha pra- -an*. Wuwuhan sesareangan boten rumaket wonten ing basa Jawa menika antawisipun *A- -i, A- -a, A- -ake, A- -ana; di- -i, di- -a, di- -ake, di- -ana; -in- -i, -in- -ake, -in- -ana, sa- -e*.

#### c. Tembung Rangkep

Mulyana (2011:32) ngandharaken bilih tembung rangkep inggih menika tembung lingga ingkang dipunambali. Tembung rangkep menika saged dipunambali sedaya saged ugi saperangan, saged mawi swanten ingkang ewah saged ugi mawi swanten sami. Antunsuhono (1956:36) ugi ngandharaken bilih

tembung rangkep inggih menika tembung ingkang dipunucapaken ambal kalih, saperangan utawi sedaya.

Pangertosan salajengipun sami kaliyan Mulyana saha Antunsuhono, inggih menika saking Setiyanto (2010:81) ingkang ngandharaken bilih tembung rangkep inggih menika tembung ingkang dipunucapaken kaping kalih saperangan utawi sedaya. Sasangka (2001:90) ngandharaken bilih cacahipun tembung rangkep wonten ing basa Jawa menika wonten tiga, inggih menika dwilingga, dwipurwa, saha dwiwasana.

Saking andharan para ahli wonten ing nginggil menika saged kadamel dudutan bilih tembung rangkep inggih menika tembung ingkang dipunambali, saged kanthi ngambali sedaya tembung saged ugi namung saperangan tembung, saged mawi swanten ingkang ewah saged ugi mawi swanten ingkang sami. Cacahipun tembung rangkep basa Jawa menika wonten tiga, inggih menika dwipurwa, dwilingga, saha dwiwasana, dene andharanipun kaserat wonten ing ngandhap menika.

### 1) Dwipurwa

Dwipurwa menika tembung ingkang karimbag saking pangrangkeping wiwitinaning tembung lingga (Sasangka, 2001:90). Mulyana (2011:35) ugi ngandharaken bilih dwipurwa menika ngambali ing *silabe* purwaka. Dwipura menika saged ndapuk tembung aran utawi tembung kriya ingkang gadhah teges nindakaken satunggaling bab kados ingkang dipunsebataken lingganipun. Tuladhanipun saking dwipurwa inggih menika rereged, saking tembung lingga

reged ingkang dipunrangkep wonten ing wiwitinan tembung saengga dados rereged.

## 2) Dwilingga

Miturut Sasangka (2001:92) dwilingga inggih menika tembung lingga ingkang dipunrangkep kanthi wetah. Pangrangkepipun tembung menika wonten ingkang wetah wonten ugi ingkang mawi ewah-ewahan. Tembung lingga ingkang karangkep wetah menika dipunwastani dwilingga. Magepokan kaliyan dwilingga menika Nurhayati saha Siti mulyani (2006:93) ngandharaken bilih dwilingga inggih menika *morfem* dhasar utawi *morfem* asal ingkang dipunambali kanthi wetah, tuladhanipun mlayu-mlayu, saking tembung lingga mlayu ingkang dipunambali kanthi wethah saengga dados mlayu-mlayu. Nurhayati saha Siti Mulyani (2006:94) ugi ngandharaken bilih pangertosan dwilingga salin swara inggih menika tembung lingga ingkang dipunambali kanthi swanten ingkang ewah, tuladhanipun wona-wani, saking tembung lingga wani ingkang dipunambali kanti swanten ingkang ewah saengga dados wona-wani.

## 3) Dwiwasana

Dwiwasana inggih menika tembung ingkang ngrangkep wanda wekasan (Sasangka,2001:94). Mulyana (2011:36) ugi ngandharaken bilih dwiwasana menika tembung ingkang wanda wekasanipun dipunambali. Tuladhanipun dwiwasana inggih menika cengenges, saking tembung lingga cenges ingkang dipunambali wonten ing pungkasan saengga dados cengeges.

#### **d. Tembung Camboran**

Sasangka (2001:95) ngandharaken bilih tembung camboran inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang dipunraketaken dados setunggal tembung saha tembung menika dados tembung enggal ingkang gadhah teges enggal. Sami kaliyan Sasangka, Subalidinata (1994:94) ugi ngandharaken bilih tembung camboran inggih menika kalih tembung utawi langkung ingkang panganggenipun sesarengan, saha sasampunipun dipuncamboraken gadhah teges satunggal. Tembung camboran menika dipunperang dados kalih inggih menika tembung camboran utuh kaliyan tembung camboran tugel, dene andharanipun badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

##### **1) Tembung camboran wutuh**

Inggih menika tembung camboran ingkang wujudipun karantam saking tembung lingganipun kanthi utuh, tuladhanipun parang kusuma, wong tuwa, saha randha royal.

##### **2) Tembung camboran tugel**

Inggih menika tembung camboran ingkang karantam saking tembung lingga ingkang dipunsingkat. Tuladhanipun bulik, kakkong, saha lunglit.

Saking andharan para ahli menika saged kadamel dudutan bilih tembung camboran inggih menika panggabungipun kalih tembung utawi langkung ingkang mbentuk tembung enggal saha teges ingkang enggal. Tembung camboran menika wonten kalih inggih menika tembung camboran utuh saha tembung camboran tugel.

### **3. Jinising Tembung**

Sasangka (2001:98-125) ngandharaken bilih adhedhasar jinisipun tembung menika kaperang dados sedasa. Tembung-tembung menika badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

#### **a. Tembung Aran**

Tembung aran inggih menika tembung ingkang mratelakaken nama barang utawi menapa kemawon ingkang kaangep barang. Adatipun tembung aran menika saged sumambung kaliyan tembung ‘dudu’ utawi ‘ana’, saha boten saged sumambung kaliyan tembung ‘ora’. Tuladhanipun kadosta watu, manggis, saha gunung.

#### **b. Tembung Kriya**

Tembung kriya inggih menika tembung ingkang mratelakaken solah bawa utawi tumindak. Tembung kriya ugi saged ngemu teges lumakuning kaanan. Tembung kriya ingkang mratelakaken tandhang gawe inggih menika mbalang, nendhang, ngantem, saha njiwit. Wondene tembung kriya ingkang mratelakaken lumakuning kaanan kadosta mecah, mbledos, saha kempes. Tembung kriya saged dipunperang dados kalih inggih menika kriya tanduk saha kriya tanggap. Tembung kriya tanduk inggih menika tembung kriya ingkang jejeripun dados paraga. Tembung kriya tanggap inggih menika tembung kriya ingkang jejeripun dados sasaran.

#### **c. Tembung Sifat**

Tembung sifat, ingkang ugi sinebut tembung watak utawi tembung kaanan inggih menika tembung ingkang mratelakaken kaanan utawi watak

sawijining barang utawi bab. Tembung sifat saged dipunbedakaken dados kalih inggih menika tembung watak saha tembung kaanan. Tembung sifat menika saged sumambung kaliyan tembung ‘luwih’, ‘rada’, ‘paling’, saha saged ugi sumambung kaliyan tembung ‘banget’.

**d. Tembung Katrangan**

Tembung katrangan inggih menika tembung ingkang nerangaken tembung sanesipun. Tembung katrangan menika saged nerangaken tembung aran, kriya, sifat, wilangan, saha ugi saged nerangaken tembung katrangan. Tembung katrangan ingkang nerangaken tembung katrangan menika sami kemawon kaliyan tembung katrangan ingkang dipuncamboraken kaliyan tembung katrangan sanes. Tembung katarangan menika namung winates kadosta tembung arep, anggone, banget, saha dudu.

**e. Tembung Sesulih**

Tembung sesulih inggih menika tembung ingkang dipunginakaken minangka sesulih tiyang, barang, utawi menapa kemawon ingkang dipunanggep barang. Tembung sesulih menika wonten enim werni, inggih menika tembung purusa, pandarbe, panuduh, pitakon, panyilah, saha sadengah.

**f. Tembung Wilangan**

Tembung wilangan inggih menika tembung ingkang mratelakaken gunggungipun barang. Tembung wilangan menika saged dipunginakaken ngetang gunggungipun tiyang, barang, kewan, saha salah satunggaling bab. Tembung wilangan menika saged, dipunperang dados tiga, inggih menika wilangan babon, wilangan susun, wilangan pecahan.

#### **g. Tembung Panggandheng**

Tembung panggandheng inggih menika tembung ingkang gunanipun kangge nggandhengaken ukara setungal kaliyan ukara sanesipun supados ukara menika dados langkung dawa. Tembung panggandheng ugi saged kangge utawi nggandhengaken tembung setungal kaliyan setungalipun ing sawijining frasa. Tuladhanipun sawise, sadurunge, saha nalika. Tembung panggandheng saged dipunbedakaken dados kalih, inggih menika panggandheng salebeting ukara kaliyan sanjawinipun ukara.

#### **h. Tembung Aincer-ancer**

Tembung aincer-ancer inggih menika tembung ingkang ginanipun kangge ngancer-nganceri papan utawi ngancer-anceri tembung aran. Tembung acer-ancer menika tansah mapan wonten ing sakngajengipun tembung aran utawi tembung sifat. Tembung aincer-ancer menika gunggungipun winates. Tuladhanipun tembung ing, kanggo, karo, saha dening.

#### **i. Tembung Panyilah**

Tembung panyilah inggih menika tembung ingkang dipunginakaken kangge nyilahaken patrap, barang utawi sawijining bab. Tembung panyilah tansah dumunung wonten ing sisih kiwanipun tembung ingkang dipunsilah saha tembung menika gunggungipun winates. Ingkang kalebet tembung panyilah inggih menika si, sang, sri, ingkang, sing, saha para.

#### **j. Tembung Panyeru**

Tembung panyeru inggih menika tembung ingkang nggamaraken wedharipun raos seneng, raos kaget, raos kuciwa, raos kagelan, raos sisah, saha

raos gumun. Tembung panyeru ugi wonten ingkang ngarani tembung lok. Tembung menika saged ngrumiyini ukara saha saged madeg piyambak. Ingkang kalebet tembung panyeru inggih menika adhuh, ah, he, lho, lha, o, oh, nah, wah, hah, heh, hus, huh, hi, sokur, hore, iyung, walah, tobat, eman, halo, yahud.

#### 4. Tembung Aran

Tembung aran inggih menika tembung ingkang ngandharaken nama barang utawi menapa kemawon ingkang dipunanggep barang (Sasangka, 2001:98). Pamanggih saking Sasangka menika sami kaliyan pamanggihipun Setiyanto (2010:133). Salajengipun Poedjosoedarmo (1979:77) kanthi gamblang ugi ngandharaken bilih tembung aran inggih menika perangan jinis tembung ingkang paring nama perangan barang ingkang saged madeg piyambak wonten ing ukara saha boten gumantung dhumateng jinis tembung sanes.

Pamanggih saklajengipun dipunandharaken Padmosoekotjo wonten ing Mulyana (2011:43) ingkang ngandharaken bilih tembung aran menika tembung ingkang ngandharaken nama barang kanthi *abstrak* saha *konkrit*. Wedhawati (2001:184) ugi ngandharaken bilih tembung aran miturut *semantis* inggih menika jinis utawi tembung *leksikal* ingkang gadhah *konsep* utawi teges *kebendaan*, saged asifat *konkrit* utawi *abstrak*.

Tembung aran menika gadhah titikan piyambak, Sasangka (2001:98) ngandharaken bilih tembung aran kathah-kathahipun saged sumambung kaliyan tembung ‘dudu’ utawi tembung ‘ana’ saha boten saged sumambung kaliyan tembung ‘ora’. Tuladhanipun tembung ‘manggis’, tembung menika saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados ‘dudu manggis’. Magepokan

ngengingi titikan tembung aran Mulyana (2011:43) ngandharaken bilih titikan *sintaksis* saking tembung aran badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- a. Saged dipunwiwiti tembung ‘dudu’, tuladhanipun ‘dudu sarung’ saengga sarung kalebet tembung aran.
- b. Saged dipunwiwiti tembung ancer-ancer, tuladhanipun ing ngomah, saka sawah, menyang jakarta. Tembung *ing*, *saka*, saha *menyang* menika kalebet tembung ancar-ancer.
- c. Saged madeg minangka jejer, wasesa, utawi lesan. Tuladhanipun kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1) Tembung aran ingkang madeg minangka jejer.

Tuladhanipun “Bapak tindak kampus.” Tembung ‘bapak’ wonten ing ukara menika kalebet tembung aran ingkang madeg minangka jejer.

2) Tembung aran ingkang madeg minangka wasesa

Tuladhanipun “Wong tuaku tani.” Tembung ‘tani’ wonten ing ukara menika kalebet tembung aran ingkang madeg minangka wasesa.

3) Tembung aran ingkang madeg minangka lesan.

Tuladhanipun “Bulik lagi golek pakaryan.” Tembung ‘pakaryan’ wonten ing ukara menika kalebet tembung aran ingkang madeg minangka lesan.

Tembung aran menika wujudipun saged kaperang dados kalih inggih menika tembung aran *monomorfemis* kaliyan tembung aran *polimorfemis*. Wedhawati (2001:186) ngandharaken bilih tembung aran *polimorfemis* menika pangrimbagipun wonten warna-warni, antawisipun kanthi nambahaken wuwuhan saengga ngasilaken tembung aran andhahan, ngrangkepaken tembung saengga

ngasilaken tembung aran rangkep, ndhapukaken kalih tembung utawi langkung ingkang ndadosaken tembung enggal saha teges enggal saengga ngasilaken tembung aran camboran, *proses kombinasi* tembung ingkang ngasilaken tembung aran andhahan *kombinasi*.

Saking andharan wonten ing nginggil menika saged kadamel dudutan bilih tembung aran inggih menika tembung ingkang ngandharaken nama barang utawi sedaya kemawon ingkang dipunanggep barang kanthi *abstrak* saha *konkrit*. Tembung aran menika saged madeg piyambak boten gumantung kaliyan jinis tembung sanes. Tembung aran menika miturut wujudipun saged kaperang dados kalih inggih menika tembung aran *monomorfemis* saha *polimorfemis*. Tembung aran *polimorfemis* menika pangrimbagipun wonten warna-warni, antawisipun kanthi nambahaken wuwuhan saengga ngasilaken tembung aran andhahan, ngrangkepaken tembung saengga ngasilaken tembung aran rangkep, ndhapukaken kalih tembung utawi langkung ingkang ndadosaken tembung enggal saha teges enggal saengga ngasilaken tembung aran camboran, *proses kombinasi* tembung ingkang ngasilaken tembung aran andhahan *kombinasi*.

## 5. Tembung Aran Andhahan

Wedhawati (2001:187) ngandharaken bilih miturut *distribusi* wuwuhan wonten ing wujud dhasaripun, tembung aran andhahan dipunperang dados tiga, inggih menika :

- a. tembung aran mawi ater-ater, inggih menika tembung aran mawi wuwuhan wonten ing wiwitaning wujud dhasar;

- b. tembung aran mawi panambang, inggih menika tembung aran mawi wuwuhan wonten ing sawingkingipun wujud dhasar;
- c. tembung aran mawi wuwuhan bebarengan, inggih menika tembung aran mawi *konfiks* / wuwuhan bebarengan.

Wedhawati (2001:187) ugi ngandharaken bilih tembung aran andhahan saged dipungolongaken miturut *gradasi kadar* wuwuhan ingkang dados titikan tembung aran. Kanthi ninggali *gradasi kadar* wuwuhan pangrimbagipun tembung aran, tembung aran andhahan menika dipunperang dados sekawan welas, inggih menika tembung aran wujud {pa-/an}, tembung aran wujud {paN-/an}, tembung aran wujud {pa- }, tembung aran wujud {paN-}, tembung aran wujud {pe-}, tembung aran wujud {pi-}, tembung aran wujud {pi-/an}, tembung aran wujud {pra-}, tembung aran wujud {pra-/an}, tembung aran wujud {-e}, tembung aran wujud {ka-/an}, tembung aran wujud {N-/an}, tembung aran wujud {N-}, tembung aran wujud {-an}. Makna saking tembung aran andhahan menika dipunandharaken Wedhawati (2001:191-199) wonten ing ngandhap menika.

Kangge dhasar ngudhal tembung aran andhahan wonten ing panaliten menika panaliti migunakaken *analisis unsur langsung*. *Unsur langsung* inggih menika *unsur* ingkang kanthi langsung mujudaken wujud ingkang langkung ageng. {Ramlan, 1978 :22). Cara anggenipun nemtukaken *unsur langsung* inggih menika kanthi kalih tahap. Tahap sepisan madosi bilih dasar ingkang setunggal langkung alit saking wujud ingkang dipunteliti. Kaping kalihh inggih menika faktor teges utawi makna. Tuladhanipun tembung ‘pamikiran’. Wujud ingkang


setunggal tingkat langkung alit inggih menika ‘pemikir’ utawi ‘pikiran’.

Adhedhasar *taraf* setunggal tembung pemikiran saged karimbag saking *unsur* langsung ‘pemikir’ saha wuwuhan {-an}, saged ugi saking *unsur* langsung {peN-} saha ‘pikiran’. Ananging menawi saking *taraf* kalih inggih menika *taraf* arti, tembung pemikiran karimbag saking {peN/-an} saha ‘pikir’.


### a. Tembung Aran Wujud {pa/-an}

Tembung aran wujud {pa/-an} menika gadhah teges kados ing ngandhap menika.


- 1) Menawi wujud dhasaripun arupi tembung aran, tembung aran wujud {pa/-an} ngandharaken makna “ panggenan ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”. Tuladhanipun tembung ‘pasuketan’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘pasuketan’.




- 2) Sasanesipun gadhah makna panggenan, tembung aran wujud {pa/-an} kanthi wujud dhasaripun tembung aran saged ngandharaken “jinis ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”, tuladhanipun ‘pakulitan’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘pakulitan’.




- 3) Menawi wujud dhasaripun tembung kriya, tembung aran wujud {pa-/an} gadhah makna kados ing ngandhap menika.
- a) “Piranti kangge nglaksanakaken menapa ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”, tuladhanipun ‘pangilon’. Tembung ‘pangilon’ menika saking tembung ngilo pikantuk wuuuhan {pa-/an}. Tembung ‘pangilon’ menika wonten proses *asimilai vokal*, saking akhiran tembung lingga ingkang awujud vokal /o/ saha wuuuhan {-an} dados [O], salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘pangilon’.



- b) “*Proses* nindhakaken menapa ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘panataran’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘panataran’.




- 4) Menawi wujud dhasaripun tembung kaanan, tembung aran wujud {pa-/an} gadhah makna “panggenan ingkang gayut kaliyan wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘pasepen’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘pasepen’.




#### b. Tembung Aran Wujud {paN-/an}

Wujud dhasar tembung aran {paN-/an} saged awujud tembung kriya utawi tembung kaanan. Tembung aran wujud {paN-/an} gadhah makna kados ing ngandhap menika.

- 1) Gadhah makna ‘panggenan’. Tuladhanipun pangeyuban, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘pangeyuban’.



- 2) Gadhah makna “perangan ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”, tuladhanipun panggesangan, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘panggesangan’.




### c. Tembung Aran Wujud {pa-}

Wujud dhasar saking tembung aran {pa-} saged awujud tembung kriya.


Tembung aran menika gadhah makna kados ing ngandhap menika.

- 1) Gadhah makna “perangan ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”.


Tuladhanipun ‘pangiket’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘pangiket’.



- 2) Gadhah makna “tiyang ingkang nindakaken tindakan ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘pangarit’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘pangarit’.




- 3) gadhah makna “perangan ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘panyawang’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘panyawang’.




d. **Tembung Aran wujud {paN-}**

Tembung aran wujud {paN-} gadhah makna kados ing ngandhap menika.


- 1) Menawi wujud dhasaripun tembung kaanan, tembung aran wujud {paN-} ngemu makna kados ing ngandhap menika.
  - a) “Ndadosaken ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘panglaris’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘panglaris’.




- b) “Ngandharaken ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”, tuladhanipun ‘panggedhe’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘panggedhe’.



2) Menawi wujud dhasaripun tembung aran, tembung aran wujud {paN-} gadhah makna “ingkang wonten ing wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘panengah’. Tembung ‘panengah’ menika saking tembung ‘tengah’ pikantuk wuwuhan {paN-}. Wuwuhan {paN-} menawi dipunraketaken kaliyan wujud dhasar ingkang wiwitinan tembung awujud ‘d’, ‘t’, utawi ‘s’ fonem ‘d’, ‘t’, utawi ‘s’, menika luluh, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘panengah’.




3) Menawi wujud dhasar tembung wilangan, tembung aran wujud {paN-} gadhah makna “tiyang ingkang mbawahaken perangan tiyang ingkang kasebut ing wujud dhasaripun”, tuladhanipun ‘panatus’. Tembung ‘panatus’ menika saking tembung ‘satus’ pikantuk wuwuhan {paN-}. Wuwuhan {paN-} menawi dipunraketaken kaliyan wujud dhasar ingkang wiwitinan tembung awujud ‘d’, ‘t’, utawi ‘s’ fonem ‘d’, ‘t’, utawi ‘s’, menika luluh, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘panatus’.




4) Menawi wujud dhasaripun *morfem pangkal*, tembung aran {paN-} gadhah makna :

a) “ingkang dipun-D”. Tuladhanipun ‘panganggo’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘panganggo’.




b) “ingkang dipun-D”, wonten ing pangertosan hasil, tuladhanipun ‘panemu’. Tembung ‘panemu’ menika saking tembung ‘temu’ pikantuk wuwuhan {paN-}. Wuwuhan {paN-} menawi dipunraketaken kaliyan wujud dhasar ingkang wiwitaning tembung awujud ‘d’, ‘t’, utawi ‘s’ fonem ‘d’, ‘t’, utawi ‘s’, menika luluh, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘panemu’.




#### e. Tembung Aran Wujud {pe-}

Tembung aran wujud {pe-} menika wujud saking basa Indonesia, ananging sampun asring dipunginakaken wonten ing basa Jawa. Wujud dhasar saking {pe-} inggih menika tembung aran utawi *morfem pangkal* saha gadhah makna kados ing ngandhap menika.


- 1) “Tiyang ingkang umumipun/padamelanipun/remen nindaaken pakaryan ingkang kasebut wonten wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘petani’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung aran wujud {pe-}.



- 2) “Ingkang dipun-D”, tuladhanipun ‘petugas’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘petugas’.




- 3) “Ingkang me-D”, tuladhanipun penatar, saha pangarang, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung aran wujud {pe-}.




#### f. Tembung Aran Wujud {pi-}

Wujud dhasaripun tembung aran wuwuhan {pi-} inggih menika arupi *morfem pangkal*, tembung kriya, tembung kaanan, saha tembung aran. Tembung aran kanthi wuwuhan {pi-} gadhah makna kados ing ngandhap menika.

- 1) “Perangan ingkang dipun-D/ dipun-D-aken”. Tuladhanipun ‘piweling’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘piweling’.




- 2) “Perangan kange N-D/N-D-aken”. Tuladhanipun ‘pikukuh’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘pikukuh’.




#### **g. Tembung Aran Wujud {pi-/an}**


Tembung aran wujud {pi-/an} menika namung sekedik amargi wuwuhan {pi-/an} menika kalebet wuwuhan ingkang boten produktif. Menawi wujud dhasaripun tembung kriya “sowan” tembung aran wujud {pi-/an} gadhah makna “perangan utawi panggenan ingkang gayut kaliyan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘pisowanen’, ing ngandhap menika badhe kaandharaken pangrimbagking tembung ‘pisowanen’.



Menawi wujud dhasaripun tembung aran, tembung aran wujud {pi-/an} gadhah makna “kumpulan ingkang dipunnyatakan wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘pitembungan’, ing ngandhap menika badhe kaandharaken pangrimbaking tembung ‘pitembungan’.



Menawi wujud dhasaripun tembung kriya “tulung”, tembung aran wujud {pi-/an} gadhah makna “perangan ingkang gegayutan kaliyan wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘pitulungan’, ing ngandhap menika badhe kaandharaken pangrimbaking tembung ‘pitulungan’.




#### **h. Wujud {pra-}**

Jumlah tembung aran wujud {pra-} menika winates, tuladhanipun pralambang, pratingkah, prajurit. Menawi dipuntinggali saking tuladha menika wuwuhan {pra-} boten gadhah makna. Menawi wujuddhasaripun tembung kaanan utawi *morfem pangkal*, wuwuhan pra- fungsinipun mbentuk tembung aran (prajurit). Menawi wujud dhasaripun tembung aran, wuwuhan pra- minangka *pemanis* (pralambang).


### i. Tembung Aran Wujud {pra-/-an}

Tembung aran wujud {pra-/-an} menika gadhah makna “panggenan ingkang gegayutan kaliyan wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘pranakan’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘pranakan’.



### j. Tembung Aran Wujud {-e/-ne}

Wuwuhan {-e/-ne} ngandharaken makna tartemtu. Tuladhanipun tembung ‘adhine’. Wuwuhan {-e} dados {-ne} amargi pungkasaning tembung lingganipun awujud vokal. Salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken tuladha cara pangrimbaking tembung aran wujud {-e/-ne}.




### k. Tembung Aran Wujud {ka-/-an}


Wujud dhasar saking tembung aran mawi wuwuhan {ka-/-an} menika saged arupi tembung aran, tembung kriya, tembung kaanan. Teges saking tembung aran mawi wuwuhan {ka-/-an} menika badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

- 1) Menawi wujud dhasaripun tembung aran ingkang *mengacu* dhumateng jabatan, tembung aran mawi wuwuhan {ka-/-an} ngandharaken makna

“panggenan utawi daerah”. Tuladhanipun ‘kabupaten’. Tembung ‘kabupaten’ menika saking tembung ‘Bupati’ pikantuk wuwuhan {ka-/an}. Tembung kabupaten menika wonten proses *asimilai vokal*, saking akhiran tembung lingga ingkang awujud vokal /i/ saha wuwuhan {-an} dados [ɛ]. salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘kabupaten’.




- 2) Menawi wujud dhasaripun tembung kaanan, tembung aran wujud {ka-/an} ngandharaken makna “perangan ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘kasugihan’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘kasugihan’.




### I. Tembung Aran Wujud {N-/an}

Wujud dhasar saking tembung aran mawi wuwuhan {N-/an} menika awujud tembung aran. Tembung aran menika ngandharaken makna “panggenan ingkang gegayutan kaliyan ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘mbayeman’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘mbayeman’.



### **m. Tembung Aran Wujud {N- }**


Wujud dhasar saking tembung aran mawi wuwuhan {N-} menika arupi *morfem pangkal*. Tembung aran menika ngandharaken makna ‘panggenan’. Tuladhanipun ‘ngisor’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘ngisor’




### **n. Tembung Aran Wujud {-an}**

Wujud dhasar saking tembung aran mawi wuwuhan {-an} saged arupi *morfem pangkal*, tembung aran, saha tembung kaanan. Makna saking tembung aran wujud {-an} badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- 1) Menawi wujud dhasaripun *morfem pangkal*, tembung aran wujud {-an} ngemu makna:
  - a) “piranti kange nindhakaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘saringan’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘saringan’.




- b) “asilipun saking tumindhakipun ingkang dipunnyatakanen wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘gorengan’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘goreng’.




- 2) Menawi wujud dhasaripun tembung aran, tembung aran wujud {-an} gadhah makna :


- a) “asalipun saking daerah ingkang dipunnyatakanen wujud dhasaripun”. Tuladhanipun, ‘Semarangan’, salajengipun ing ngandhap menika badhe keandharaken cara pangrimbaking tembung ‘Semarangan’.




- ‘gunungan’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘gunungan’.



- c) “panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘suketan’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘suketan’.



- 3) Menawi wujud dhasaripun tembung kaanan, tembung aran wujud {-an} gadhah makna “perangan ingkang asifat kados ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun”. Tuladhanipun ‘bolongan’, salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken cara pangrimbaking tembung ‘bolongan’.



### C. *Produktifitas*

*Produktifitas* tembung aran andhahan saged dipuntingali saking wuwuhan ingkang ndhapuk. Menawi dipuntingali saking jinis wuwuhan ingkang ndhapuk gunggungipun jinising wuwuhan wonten 14 kados ingkang sampun

dipunandharaken ing nginggil. Menawi dipuntingali saking tembung ingkang saged ndhapuk wonten tembung tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, saha tembung wilangan.

Adhedhasar saking kathahipun wuwuhan ingkang saged dhapuk tembung aran andhahan, pramila saged dipuntandingaken *produktifitasipun*. *Produktifitas* miturut KBBI inggih menika daya kange ngasilaken perangan tartamtu (Mouliono, 2007: 897). Saking andharan menika pramila saged dipunmangertosi bilih *produktifitas* wuwuhan inggih menika daya wuwuhan kange ngasilaken tembung. Cara anggenipun mangertosi inggih menika kanthi ngetang gunggungipun tembung saha nandhingaken sawijining wuwuhan kaliyan wuwuhan sanesipun.

Kantri nandhingaken jinis wuwuhan ingkang ndhapuk tembung aran andhahan pramila saged dipunmangertosi wuwuhan pundi ingkang *produktif*. Wuwuhan ingkang *produktif* inggih menika wuwuhan ingkang saged ndhapuk tembung boten namung sepisan ananging kantri terus-terusan (Mouliono, 2007: 897).

#### **D. Nalaring Pikir**

*Morfologi* minangka ngelmu basa ingkang kajianipun awujud tembung, aturan pembentukipun saha ewah-ewahanipun tembung. Tembung menika saged kaperang miturut jinisipun, inggih menika tembung aran, tembung kriya, tembung katrangan, tembung kaanan, tembung sesulih, tembung wilangan, tembung panggandheng, tembung ancer-ancer, tembung panyilah, saha tembung panguwuh.

Tembung aran inggih menika tembung ingkang ngandharaken nama barang utawi sedaya ingkang kaangep barang. Tembung aran menika miturut bentukipun kaperang dados kalih, inggih menika tembung aran *monomorfemis* saha tembung aran *polimorfemis*. Tembung aran *monomorfemis* menika tembung aran ingkang kabentuk saking setungal morfem. Tuladhanipun kembang, guru, saha omah. Tembung aran *polimorfemis* menika tembung aran ingkang kabentuk saking kalih morfem utawi langkung.

Tembung aran *polimorfemis* menika dipumbentuk saking perangan-perangan proses *morfemis*, inggih menika proses wuwuhan ingkang ngasilaken tembung aran mawi wuwuhan, pangrangkep ingkang ngasilaken tembung aran rengkek, proses *pemajemukan* ingkang ngasilaken tembung aran majemuk, proses *kombinasi* ingkang ngasilaken tembung aran *kombinasi*. Tembung aran mawi wuwuhan menika perlu dipunteliti amargi mawi nambahaken wuwuhan menika saged mbentuk tembung aran saking jinis tembung sanes, kadosta tembung kriya, tembung kaanan, saha tembung wilangan.

Tembung aran andhahan kathah dipunginakaken wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan. Adatipun saben sakaca wonten tembung aran andhahanipun. Tembung aran andhahan ingkang kathah wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika ndadosaken kawigatosan piyambak. Tembung aran andhahan ingkang maneka warni wujudipun menika saged dipundadosaken panaliten wonten ing kajian *morfologi*. Gayud kaliyan panaliten menika salajengipun dipunandharaken wosing perkawis.

Perkawis ingkang badhe dipunrembang inggih menika tembung aran andhahan. Analisis pandhapuking tembung menika ngginakaken *prosedur* analisis basa kanthi struktural. Tegesipun analisis menika nyinaoni bab ingkang wonten gegayutanipun kaliyan struktur tembung ingkang asring dipunsebat istilah *morfologi*. Panaliten menika gadhah ancas kangge mangertosi pandhapuking tembung aran andhahan. Tembung aran andhahan sasampunipun dipunmangertosi pandhapukipun lajeng dipuntegesi. Panaliten menika ugi badhe ngandharaken *produktifitas* tembung aran andhahan salebeting cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.

#### **E. Panaliten Ingkang Jumbuh**

Panaliten ingkang jumbuh inggih menika panalitenipun Linda Puspita Nawangsari. Panaliten kanthi irah-irahan Tembung Kriya Tanggap Mawa Wuwuhan Salebeting Novel Rangsang Tuban. Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandaraken wujud saha teges tembung kriya tanggap saklebetting Novel Rangsang Tuban. Cara ingkang dipunginakaken nalika nggamaraken dhata inggih menika kanthi maos saha nyerat. Analisis ingkang dipunginakaken kangge panaliten menika inggih menika analisis *diskriptif*. Dhata dipunuji mawi validitas triangulasi teori saha reliabilitas stabilitas. Asiling panaliten nedahaken bilih wujud tembung kriya tanggap wonten ing Novel Rangsang Tuban wonten 548 tembung kriya tanggap. Saking 548 tembung kriya tanggap saged dipunperang 16 jinis adhedasar saking jinis wuwuhan ingkang ndapuk.

Ingkang sami saking panalitenipun Linda Puspita Nawangsari menika kaliyan panaliten kula inggih menika sami anggenipun ngginakaken ngelmu

*morfologi* utawi ngelmu bab pandhapuking tembung. Saklajengipun ingkang sami inggih menika cara anggenipun ngempalaken dhata kanthi cara maos-nyerat saha asiling panaliten ugi badhe dipunanalisis kanthi deskriptif. Validitas saha reliabilitas ingkang dipunginakaken ugi sami, inggih menika validitas triangulasi teori saha reliabilitas stabilitas. Bedanipun menawi wonten panaliten Linda Puspita Nawangsari menika ingkang dipuntliti inggih menika tembung kriya tanggap wonten ing Novel Rangsang Tuban, dene panaliten menika ngandharaken bab tembung aran mawi wuwuhan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.

## **BAB III** **CARA PANALITEN**

### **A. Jinising Panaliten**

Jinis panaliten ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang ngandharaken asiling panalitin kanthi menapa wontenipun (Sudaryanto, 1988:62). Panaliten menika dipuntindakaken kanthi cara ngandharaken tembung aran andhahan ingkang wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.

### **B. Data saha Sumber Data**

*Data* wonten ing panaliten menika awujud tembung aran andhahan. Sumber *data* panaliten menika saking cariyos Jawi kanthi irah-irahan Para Abdi Sami Cecaturan anggitanipun Mas Ngabei Wasesa Pangrawit. Cariyos menika kapendhet saking antalogi cariyos Jawi kanthi irah-irahan Emas Sumawur ing Baluwarti anggitanipun Partini B. Antalogi cariyos Jawi menika dipunterbitaken Pura Pustaka Yogyakarta tahun 2010. Cariyos wonten ing bukunipun Partini B. wonten 5 cariyos, inggih menika Para Abdi Sami Cecaturan, Ngulandara, Tata Cara, Adipati Madiun, saha Kendhil Isi Woh Jetun. Cacah kacanipun wonten 325 kaca. Cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kawiwitan saking kaca 1 dumugi kaca 65.

### **C. Cara Ngempalaken Data**

Teknik ngempalaken *data* ingkang dipunginakaken inggih menika kanthi *teknik* maos saha nyerat. Ingkang dipunmaksud *teknik* maos inggih menika panaliti maos cariyos Para Abdi Sami Cecaturan kanthi cermat kangege

manggihaken tembung aran andhahan. *Teknik* maos dipuntindakaken kanthi cara (1) maos cariyos kanthi pratitis saha dipunambali supados langkung akurat, (2) nyukani pratandha tembung aran andhahanipun salebeting cariyos Para Abdi Sami Cecaturan, (3) tembung aran andhahan dipunandharaken kadospundi pangrimbagipun, (4) negesi tembung kanthi ningali wuwuhan ingkang rumaket ing wujud dhasaripun.

Sasampunipun dipunwaos panaliti ngginakaken *teknik* nyerat, inggih menika panaliti nyerat sedaya ukara ingkang salebetipun wonten tembung aran andhahan ingkang dipunpanggihaken wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan. Cara anggenipun nyerat dipuntindhakaken kanthi (1) nyerat ukara ingkang wonten tembung aran andhahan wonten ing kertu *data*, (2) nyukani pratandha wonten ing kertu *data*.

Gambar 1: Format Kertu data tembung aran andhahan.

Sumber Data	: PASC kaca 1/TAA 2 : Wong iya wis <b>omahe</b> dhewe, tur katone ing kampung kono iyo mbalindrik dhewe
	<pre> graph TD     omahe --&gt; omah     omahe --&gt; {-e}   </pre>
Jinis tembung dhasar	: tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu omahe.
Teges wujud dhasar	: yeyasan mawa payon kang dienggo dedunung.
Makna wuwuhan	: kepemilikan tartemtu.

#### D. Pirantining Panaliten

*Instrumen* ingkang dipungginakaken kangge panaliten menika inggih menika *humen instrumen*. Panaliti minangka piranti maos cariyos Para Abdi Sami Cecaturan kangge manggihaken tembung aran andhahan, tembung aran andhahan

ingkang dipunpanggihaken lajeng dipunsukani pratanda, menawi sampun dipunsukani pratanda panaliti lajeng ngudal pangrimbagipun tembung aran andhahan saha negesi tembungipun. Panaliti anggenipun ngempalaken *data* dipunbiyantu kartu *data*. Kartu *data* wonten ing panaliten menika dipunginakaken kanggen yerat *data* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan ancasing panaliten. Kartu *data* ingkang dipunginakaken satunggal jinis, inggih menika *kartu data* kangge nyerat tembung aran andhahan ing saklebeting cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.


#### E. Cara Nganalisis *Data*

Cara anggenipun nganalisis *data* menika dipunlaksanakaken kanthi kalih *tahap* inggih menika *tahap* wiwitan, saha *tahap lanjutan*. Wonten ing *tahap* wiwitan ingkang dipuntindakaken inggih menika (1) panaliti maos cariyos Para Abdi Sami Cecaturan kanthi dipunambali, (2) nyukani pratandha tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan, (3) ngudhal pangrimbagipun tembung aran andhahan saha negesi tembung, (4) nyerat wonten ing kertu data.

Sasampunipun dipunserat *datanipun*, *tahap* salajengipun inggih menika *tahap lanjutan*. *Tahap lanjutan* ingkang dipuntindhakaken inggih menika:

1. *data-data* ingkang sampun dipunkempalaken dipunlebetaken wonten ing *tabel hasil analisis data*, anggenipun nglebetaken dipunperang adhedhasar jinising wuwuhan;

*Tabel 1: Tembung Aran Andhahan Salebeting Cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.*

No	Ukara	Jinis Tembung	Wuwuhan	Nosi	Katrangan
1.	Wong iya wis <b>omahe</b> dhewe, tur katoneing kampung konoiyo mbalindrik dhewe.	Tembung aran	{-e}	Kepemilikan tartemu.	

2. panaliti ngandharaken asiling panaliten tembung aran andhahan kanthi *deskriptif*. Cara menika dipunginakaken kangge ngandharaken ewah-ewahanipun wujud tembung saha tegesipun;
3. sasampunipun nindhakaken cara ing nginggil, panaliti lajeng madosi *produktifitas* tembung aran andhahan ing salebeting cariyos Para Abdi Sami Cecaturan. Anggenipun mangertosi *produktifitas* dipuntindhakaken kanthi cara ngetang saha nandhingaken jinis wuwuhan ingkang ndapuk tembung aran andhahan;
4. tahap pungkasan inggih menika ndamel dudutan. Saking data ingkang sampun dipunudhal pramila saged dipunmangertosi dudutanipun.

#### F. *Validitas saha Reliabilitas*

Cara ngesahaken data wonten ing panaliten menika inggih menika kanthi cara *validitas* saha *reliabilitas data*. Panaliten menika ngginakaken *validitas trianggulasi teori*. *Trianggulitas teori* dipunginakaken kanthi rujukan wonten ing kajian teori.

Tuladha teknik nemtukaken *keabsahan* data ngginakaken *trianggulasi teori* wonten ing salebeting data ‘pasemon’. Tembung ‘pasemon’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan. Tembung ‘pasemon’

menika asalipun saking wujud dhasar semu, jinis tembungipun tembung kaanan ingkang pikantuk wuwuhan {pa-/an} dados pasemon. Saking andharan ing nginggil tembung ‘pasemon’ menika sampun ewah saking wujud dhasaripun sarana pikantuk wuwuhan {pa-/an}. Wuwuhan {pa-/an} wonten ing tembung pasemon gadhah makna “panggenan menapa ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”. Mitur wedhawati (2001:192) tembung aran wujud {pa-/an} gadhah makna “panggenan menapa ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun”. Saking tuladha ingkang dipunandharaken menika saged dipuntuweni data “pasemon” menika sampun dipunanggep valid.

*Reliabilitas* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *reliabilitas stabil*. *Reliabilitas stabil* Inggih menika boten ewahipun asil pengukuran ingkang dipunlaksanaaken sanes wekdal. Panaliti nindaaken *penggamatan* dhumateng data ingkang sampun wonten kanthi cara dipunambali ngginakaken instrumen saha alat bantu ingkang sami ananing hasilipun sami utawi boten ewah.

## **BABIV**


### **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

#### **A. ASILING PANALITEN**

Sasampunipun nglaksanakaken panaliten ngengingi bab tembung aran andhahan wonten ing salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan panaliti manggihaken (1) *prosespandhapuking* tembung aran andhahan ing salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan, (2) *teges* tembung aran andhahan wonten ing salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan, (3) *produktifitas* wuwuhan ingkang ndapuk tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan. Asiling panaliten menika kaserat wonten ing *tabel* ringkesan.






Data asiling panaliten ingkang langkung jangkep saged dipuntinggali wonten ing lampiran *tabel analisis* tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan. Tembung aran andhahan ing salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan dipunkempalaken miturut wuwuhan ingkang ndhapuk. Anggenipun ngempalaken tembung aran andhahan saged dipuntinggali wonten ing ngandhap menika.

**Tabel 3. Tembung aran andhahan ing salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan.**

No	Wuwuhan	Proses pangrimba g	Tege s	Cch	Indikator
1	{pa-}	{pa-} wujud dhasar (TKr)	+ Perangan ingkang kasebut wonten ing wujud dhasaripun	2	Layang-layang kabar sing akeh wis padha ngabarake sarana <b>pangalembana</b> sing nganti plekikan. (TAA 14) 

2	{paN-}	{paN-} wujud dhasar (TPr)	+ Ingkang dipun-D	2	Mengko suwe-suwe Petruk nduwe <b>panemu</b> mangkene, mupakat para wanita wedana, sabab bendarwa wedana kuwi minangka bapa babune utawa inya kuwi iya bangsane mbakyu-mbakyu. (TAA 115)
					<pre> graph TD     panemu[panemu] --&gt; paN["{paN-}"]     panemu --&gt; temu[temu]   </pre>
3	{pra-}	(pra-) wujud dhasar (Pr)	+ Boten gadhah teges	1	Yen ngelingi ing praja-praja liya saiki wes ana <b>prajurit</b> wadon, pulisi wadon, lan sapanunggalane. (TAA 116)
					<pre> graph TD     prajurit[prajurit] --&gt; pra["(pra-)"]     prajurit --&gt; jurit[jurit]   </pre>
4	{pi-}	(pi-) wujud dhasar (TKr)	+ Perangan ingkang dipun-D/dipun-D-aken	2	Ing kono mbakyu rak ketemu mitra lawas, temtune kana rak <b>pitakon</b> kaanane mbakyu wektu saiki, hla miturut cara kasusilane, wis dadi wajibe mbakyu kudu mangsuli, becik, seneng, lekker, mengkono Kang Gareng. (TAA 67)
					<pre> graph TD     pitakon[pitakon] --&gt; pi["(pi-)"]     pitakon --&gt; takon[takon]   </pre>

5	{-an}	{-an} + wujud dhasar (TA)	Panggenan ingkang dipunsebutaken wujud dhasaripun.	4	Daleme sing akeh-akeh iya bregas-bregas, aja meneh ngasi rusak, bocor sathithik wae, iya ora, Kang Gareng, tur iya mangku dalam gedhe, sing <b>aspalan</b> kathik gempis kae. (TAA 123)	
					<pre> graph TD     aspal[aspalan] --&gt; {-an}{-an}     aspal --&gt; aspal[aspal]   </pre>	
			Nirokaken kados ingkang dipusebataken wujud dhasaripun.	3	Truk, apa iya mathuk <b>dongengan</b> sing kaya ngono kuwi. (TAA 44)	
					<pre> graph TD     dongengan[dongengan] --&gt; {-an}{-an}     dongengan --&gt; dongeng[dongeng]   </pre>	
		Ingkang dipun-D.	2	jalaran saking pakulinane saben dina sing mangkono mau, iya banjur weruh, sapira oleh-oleha bakul godhong lembayung, bakul <b>janganan</b> , bakul wohwohan lan sapadane. (TAA 128)	<pre> graph TD     janganan[janganan] --&gt; {-an}{-an}     janganan --&gt; jangan[jangan]   </pre>	
	(-an)	+ wujud dhasar (TKa)	Perangan ingkang sifatipun kados ingkang dipunsebutaken wujud dhasaripun.	2	We lah anggonmu motret kui mau mung kanggo <b>gagahan</b> tok? (TAA 51)	<pre> graph TD     gagahan[gagahan] --&gt; {-an}{-an}     gagahan --&gt; gagah[gagah]   </pre>

		(-an) wujud dhasar (TPr)	+ Asil saking tumindhak ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.	6	Hla kok jebul <b>jogedan</b> dhewe nglenter mengkpnp. (TAA 64)  
			Piranti kange nindakaken menapa ingkang kasebut ing wujud dhasaripun.	6	arep nganakake <b>tatanan</b> kanggo mitulungi kabudayaan bangsane dhewe sing cilik-cilik, iya kudu sarembug karo wong-wong sing kudu nglakokake kabudayan. (TAA 124)  
6	{-e}	{-e} wujud dhasar (TA)	+ Kapemilikan tartamtu.	54	Sing kanggo tandha nek ijabe wis kalakon kuwi wedhuse kang ditalikung <b>sikile</b> , bakal dibeleh. (TAA 36)  
		{-ne} wujud dhasar (TA)	+ {mitrane} si Kasin sing aran Dullah, dimungsuh banget dening Musa mau, mulane banjur minggat saka pulo kono, menyang Singapura. (TAA 24)  	29	  

7	{pa-/an}	{pa-/an} + wujud dhasar (TA)	Panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.	1	Padhane, kalane kowe dadi panganten, sadurunge temu, pangantene lanang diarak nyang alun-alun turut <b>pacinan</b> . (TAA 31)
					<pre> graph TD     pacinan[pacinan] --&gt; pa["{pa-/an}"]     pacinan --&gt; cina[cina]   </pre>
			Jinis ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun	1	saikine umpmne uwong arep gawe tatanan murih becike, upamane wae tatanan netepake <b>paukuman</b> . (TAA 125)
					<pre> graph TD     paukuman[paukuman] --&gt; pa["{pa-/an}"]     paukuman --&gt; ukum[ukum]   </pre>
	{pa-/an} + wujud dhasar (TKr)	Perangan ingkang dipun-D utawi dipun-D-aken.	2		nganti pirang-pirang dina Kasim ora bisa oleh <b>pagawean</b> .(TAA 41)
					<pre> graph TD     pagawean[pagawean] --&gt; pa["{pa-/an}"]     pagawean --&gt; gawe[gawe]   </pre>
		Piranti kange nindakaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.	1		kowe apa ora kulak wataadol <b>prungon</b> , yen wawakile salah sijining pakumpulan wanita mentas munggah ing suralaya, sowan EyanTuwan Besar,perlu nyuwun warna-warna pasal, dene antarane bab sing warna-warna mau, yaiku supaya

					kaum putri uga bisa kapilih dadi lid guminterad. (TAA 79)
					<pre> graph TD     prungan[prungan] --&gt; pa[-an]{pa-/-an}     prungan --&gt; rungu[rungu]   </pre>
			<p><i>Proses nindakaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.</i></p>	2	elinga yen mbakyu kuwi bangsane wong pinter, wong <b>pangajaran</b> weton Milo, lo, dadi iya ngreti banget nyang tingkah laku kang becik utawa kang ala. (TAA 65) <pre> graph TD     pangajaran[pangajaran] --&gt; pa[-an]{pa-/-an}     pangajaran --&gt; ngajar[ngajar]   </pre>
		<p>{pa-/-an} + wujud dhasar (Tka)</p>	Panggenan ingkang gegayutan kaliyan menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.	2	Kuwi dudu <b>pasemon</b> , niyate ngarani mentah-mentah. (TAA 13) <pre> graph TD     Pasemon[Pasemon] --&gt; pa[-an]{pa-/-an}     Pasemon --&gt; semu[semu]   </pre>
8	{ka-/-an}	<p>{ka-/-an} + wujud dhasar (Tka)</p>	Perangan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.	10	wong rong golongan iki rak ora liya mung arep nguruhi wong kang padha nduwe <b>kapreluan</b> ana ing pasar wae. (TAA 111) <pre> graph TD     kapreluan[kapreluan] --&gt; ka[-an]{ka-/-an}     kapreluan --&gt; prelu[prelu]   </pre>

Saking tabel ing nginggil saged dipunmangertosi bilih wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan saged kapanggihaken 132 tembung aran andhahan. Saking 132 tembung aran andhahan ingkang kapanggihaken, tembung aran andhahan menika saged dipunperang dados 8 jinis adhedhasar jinis wuwuhan ingkang dhapuk tembung aran. Jinis wuwuhan ingkang kapanggihaken saged ndhapuk tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan inggih menika (1) {pa-}, (2) {paN-}, (3) {pra-}, (4) {pi-}, (5) {-an}, (6) {-e}, (7) {pa-/an}, (8) {ka-/an}.

## B. Pirembagan

Jumbuh kaliyan watesaning perkawis ingkang sampun kaserat wonten ing bab I, ingkang badhe dipunrembag inggih menika bab pandhapuking tembung aran andhahan, teges wuwuhan ingkang ndhapuk tembung aran andhahan, saha produktifitas wuwuhan ingkang ndhapuk tembung aran ing salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan. Asiling panaliten nedhahaken bilih cariyos Para Abdi Sami Cecaturan kathah kapanggihaken tembung aran andhahan. Andharan tembung aran andhahan badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

### 1. Wuwuhan Pandhapuking Tembung Aran


#### a. Tembung aran mawi wuwuhan {pa-}

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan ater-ater {pa-}. Pangrimbagipun tembung aran menika {pa-} + WD (Kr). Ater-ater {pa-} menika gadhah makna perangan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan {pa-} wonten ing cariyos Para Abdi

Sami Cecaturan menika saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(1)“Layang-layang kabar sing akeh wis padha ngabarake sarana **pangalembana** sing nganti plekikan” (TAA 14)

Tembung ‘pangalembana’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu pangalembana. Tembung ‘pangalembana’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk wuwuhan {pa-}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘pangalembana’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndhapuk tembung ‘pangalembana’. Tembung ‘pangalembana’ kadhapuk saking ater-ater {pa-} saha wujud dhasar ‘ngalembana’. Tembung ‘ngalembana’ menika kalebet tembung kriya amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung ‘anggone’ saengga dados ‘anggone ngalembana’.

Tembung ‘ngalembana’ menika gadhah teges ‘ngalem’ (Pourwadarminta, 1939:375). Sasampunipun pikantuk ater-ater {pa-} tembung menika dados ‘pangalembana’ ingkang tegesipun “perangan ingkang dipunginakaken kangge ngalembana”. Saking andharan menika saged


dipunmangertosi bilih ater-ater {pa-} gadhahmakna “perangan ingkang dipusebataken wujud dhasaripun”. Saking data ingkang dipunanalisis namung kapanggihaken kalihtembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan {pa-}.

#### **b. Tembung Aran Andhahan mawi wuwuhan {paN-}**

Wonten ing cariyo Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan ater-ater {paN-}. Pangrimbagipun tembung aran menika {paN-} + WD (Pr). Wuwuhan {paN-} menika gadhah makna ingkang dipun-D. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan {paN-} wonten ing cariyo Para Abdi Sami Cecaturan menika saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(2)“Mengko suwe-suwe Petruk nduwe **panemu** mangkene, mupakat para wanita wedana, sabab bendara wedana kuwi minangka bapa babune utawa iya kuwi iya bangsane mbakyu-mbakyu”. (TAA 115)

Tembung ‘panemu’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu panemu. Tembung ‘panemu’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk wuwuhan {paN-}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘panemu’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘panemu’. Tembung ‘panemu’ kadhapuk saking ater-ater {paN-} saha wujud dhasar ‘temu’. Wuwuhan {paN-} menawi dipunraketaken kaliyan wujud dhasar ingkang wiwitinan tembung awujud *fonem* ‘d’, ‘t’, utawi ‘s’ *fonem* ‘d’, ‘t’, utawi ‘s’, menika luluh. Tembung ‘temu’ menika kalebet tembung *prakatagorial* amargi menawi dereng pikantuk wuwuhan tembung menika derang saged dipungolongaken jinis tembung menapa.

Tembung ‘temu’ menika gadhah teges “kapethuk, gathuk kaliyan” (Pourwadarminta, 1939:601). Sasampunipun pikantuk ater-ater {paN-} tembung menika dados ‘panemu’ ingkang tegesesipun “ingkang dipuntemu”. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih ater-ater {paN-} gadhahmakna “ingkang dipun-D”. Saking data ingkang dipunanalisis kapanggihaken2tembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan {paN-}.


### c. Tembung Aran Andhahan mawi wuwuhan {pra-}

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan ater-ater {pra-}. Pangrimbagipun tembung aran menika {pra-} + WD (Pr). Wuwuhan {pra-} menika boten gadhah fungsi ndhapuk tembung aran. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan {pra-} wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(3)”Yen ngelingi ing praja-praja liya saiki wes ana **prajurit** wadon, pulisi wadon, lan sapanunggalane”. (TAA 116)

Tembung ‘prajurit’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan

tembung dudu saengga dados dudu prajurit. Tembung ‘prajurit’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk wuwuhan {pra-}. Kange mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘prajurit’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘prajurit’. Tembung ‘prajurit’ kadhapuk saking ater-ater {pra-} saha wujud dhasar ‘jurit’. Tembung ‘jurit’ menika kalebet tembung prakatagorial amargi tembung menika dereng saged dipungolongaken jinis menapa menawi dereng dipunsukani wuwuhan.

Tembung ‘jurit’ menika gadhah teges “perang,peperangan” (Pourwadarminta, 1939:96). Sasampunipun pikantuk ater-ater {pra-} tembung menika dados ‘prajurit’ ingkang tegesipun “tiyang ingkang majeng perang”. Ater-ater {pra-} menika gadhah fungsi ndhapuk tembung aran. Saking data ingkang dipunanalisis namung kapanggihakensemunggal tembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan {pra-}.


#### d. Tembung Aran Andhahan Mawi wuwuhan {pi-}

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan ater-ater {pi-}. Pangrimbakipun tembung aran menika {pi-} + WD (Kr). Wuwuhan {pi-} menika gadhah makna perangan ingkang dipun-D/dipun-D-aken. Tembung

aran andhahan mawi wuwuhan {pi-} wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(4)“Ing kono mbakyu rak ketemu mitra lawas, temtune kana rak **pitakon** kaanane mbakyu wektu saiki, hla miturut cara kasusilane, wis dadi wajibe mbakyu kudu mangsuli, becik, seneng, lekker, mengkono Kang Gareng”. (TAA 67)

Tembung ‘pitakon’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu pitakon. Tembung ‘pitakon’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk wuwuhan {pi-}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘pitakon’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘pitakon’. Tembung ‘pitakon’ kadhapuk saking ater-ater {pi-} saha wujud dhasar ‘takon’. Tembung ‘takon’ menika kalebet tembung kriya amargi saged sumambung kaliyan tembung anggone saengga dados anggone takon.

Tembung ‘takon’ menika gadhah teges “miterang, nyiwun wangulan” (Pourwadarminta, 1939:586). Sasampunipun pikantuk ater-ater {pi-} tembung menika dados ‘pitakon’ ingkang tegesipun “perangan ingkang dipuntakenaken”.

Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih ater-ater {pi-}

gadhahmakna “perangan ingkang dipun-D/dipun-D-aken”. Saking data ingkang dipunanalisis namung kapanggihaken 2 tembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan {pi-}.

**e. Tembung Aran Andhahan Mawi Wuwuhan (-an)**

wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan panambang {-an}. Pangrimbagipun tembung aran menika antawisipun {-an} + WD (TA), {-an} + WD (TKa), saha {-an} + WD (TPr). Wonten ing ngandhap menika badhe kaandharaken proses pandhapukipun tembung aran andhahan kanthi ngraketaken panambang{-an} saha makna ingkang dipunasilaken panambang {-an}.

1) Panambang {-an} + WD (TA)

pangrimbagipun tembung aran{-an} + WD (TA) menika gadhah makna panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, nirokaken utawi kados ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, saha ingkang dipun-D. Andharanipun saged dipuntinggali ing ngandhap menika.


a) Panambang {-an} + WD (TA) Kanthi Makna Panggenan ingkang Dipusebataken Wujud Dhasaripun.

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan panambang {-an}. Pangrimbagipun tembung aranandhahan menika {-an} + WD (TA). Salah satunggaling makna saking panambang menika inggih menika “panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun”. Tembung aran andhahan

mawi panambang {-an} + WD (TA) kanthi makna panggenan ingkang dipusebataken wujud dhasaripun saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(5)“Daleme sing akeh-akeh iya bregas-bregas, aja meneh ngasi rusak, bocor sathithik wae, iya ora, Kang Gareng, tur iya mangku dalan gedhe, sing **aspalan** kathik gempit kae”. (TAA 123)

Tembung ‘aspalan’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu aspalan. Tembung ‘aspalan’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk panambang {-an}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘aspalan’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘aspalan’. Tembung ‘aspalan’ kadhapuk saking panambang {-an} saha wujud dhasar ‘aspal’. Tembung ‘aspal’ menika kalebet tembung aran amargi saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu aspal.

Tembung ‘aspal’ menika gadhah teges “bangsanipun tir ingkang dipunginakaken mupuk dalan” (Pourwadarminta, 1939:20). Sasampunipun pikantuk panambang {-an} tembung menika dados ‘aspalan’ ingkang tegesipun “panggenan ingkang awujud aspal”. Saking andharan menika saged


dipunmangertosi bilih panambang {-an} gadhahmakna “panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun”. Saking data ingkang dipunanalisis kapanggihaken 4tembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthipanambang {-an} ingkang maknaipun panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.

- b) Panambang {-an} + WD (TA) Kanthi Makna Nirokaken utawi Kados ingkang Dipunsebataken Wujud Dhasaripun.

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan panambang {-an}. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {-an} + WD (TA). Salah satunggaling makna saking panambang {-an} inggih menika nirokaken utawi kados ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Tembung aran andhahan mawi panambang {-an} wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(6) “Truk, apa iya mathuk **dongengan** sing kaya ngono kuwi”. (TAA 44)

Tembung ‘dongengan’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu dongengan. Tembung ‘dongengan’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk panambang {-an}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘dongengan’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘dongengan’. Tembung ‘dongengan’ kadhapuk saking panambang {-an} saha wujud dhasar ‘dongeng’. Tembung ‘dongeng’ menika kalebet tembung aran amargi saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu dongeng.


Tembung ‘dongeng’ menika gadhah teges “citra karangan” (Pourwadarminta, 1939:74). Sasampunipun pikantuk panambang {-an} tembung menika dados ‘dongengan’ ingkang tegesipun “kados dogeng”. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih panambang {-an} gadhahmakna “tiruan utawi kados ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun”. Saking data ingkang dipunanalisis namung kapanggihaken tembung aran andhaha ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan {-an} ingkang maknanipun tiruan utawi kados ingkang dipusebataken wujud dhasaripun.

c) Panambang {-an} + WD (TA) Kanthi Makna ingkang dipun-D

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan panambang {-an}. Pangrimbagipun tembung aran menika {-an} + WD (TA). Salah satunggaling makna saking panambang {-an} inggih menika ingkang dipun-D. Tembung aran andhahan mawi panambang {-an} wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(7)“jalaran saking pakulinane saben dina sing mangkono mau, iya banjur weruh, sapira oleh-olehe bakul godhong lembayung, bakul **janganan**, bakul wohwohan lan sapadane”. (TAA 128)

Tembung ‘janganan’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu janganan. Tembung ‘janganan’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk panambang {-an}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘janganan’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘janganan’. Tembung ‘janganan’ kadhapuk saking panambang {-an} saha wujud dhasar ‘jangan’. Tembung ‘jangan’ menika kalebet tembung aran amargi saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu jangan.


Tembung ‘jangan’ menika gadhah teges “lelawuhan ngangge ampas sarta duduh” (Pourwadarminta, 1939:80). Sasampunipun pikantuk panambang {-an} tembung menika dados ‘janganan’ ingkang tegesepun “ingkang dipunjangan”. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih panambang {-an} gadhahmakna “ingkang dipun-D”. Saking data ingkang dipunanalisis kapanggihaken2tembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthipanambang {-an} ingkang maknanipuningkang dipun-D.

## 2) Panambang {-an} + WD (TKa)

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan panambang {-an}. Pangrimbagipun tembung aran menika {-an} + WD (TKa). Makna saking pangrimbaging tembung aran andhahan {-an} + WD (Tka) inggih menika perangan ingkang sifatipun kados ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Tembung aran andhahan mawi panambang {-an} kanthi wujud dhasaripun tembung kaanan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(8)“We lah anggonmu motret kui mau mung kanggo **gagahan** tok? (TAA  
51)

Tembung ‘gagahan’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu gagahan. Tembung ‘gagahan’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk panambang {-an}. Kangge mangertosii kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘gagahan’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘gagahan’. Tembung ‘gagahan’ kadhapuk saking panambang {-an} saha wujud dhasar ‘gagah’. Tembung ‘gagah’ menika kalebet tembung kaanan amargi saged sumambung kaliyan tembung banget saengga dados gagah banget.

Tembung ‘gagah’ menika gadhah teges “gedhe dhuwur saha santosa tumrapipun pawakan” (Pourwadarminta, 1939:127). Sasampunipun pikantuk panambang {-an} tembung menika dados ‘gagahan’ ingkang tegesipun “perangan ingkang sifatipun gagah”. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih panambang {-an} gadhahmakna“perangan ingkang sifatipun kados ingkang dipusebatakan wujud dhasaripun”. Saking data ingkang dipunanalisis kapanggihaken 2 tembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan {-an} ingkangwujud dhasaripun tembung kaanan.

### 3) Panambang {-an} + WD (TPr)


Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan panambang {-an}. Pangrimbagipun tembung aran menika {-an} + WD (Pr). Wuwuhan {-an} menika gadhah makna asiling tumindhak ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, saha piranti kange nindhakakenmenapa ingkang kasebut ing wujud dhasaripun. Andharanipun saged dipuntinggali ing ngandhap menika.

- a) Panambang {-an} + WD (Pr) Kanthi Makna Asiling Tumindak Ingkang Dipunsebataken Wujud Dhasaripun.

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan panambang {-an}. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {-an} + WD (Pr). Salah satunggaling makna saking panambang {-an} inggih menika asiling tumindhak ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Tembung aran andhahn mawi panambang {-an} wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(9)“Hla kok jebul **jogedan** dhewe nglenter mengkono”. (TAA 64)

Tembung ‘jogedan’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu jogedan. Tembung ‘jogedan’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk panambang {-an}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘jogedan’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘jogedan’. Tembung ‘jogedan’ kadhapuk saking panambang {-an} saha wujud dhasar ‘joged’. Tembung

‘joged’ menika kalebet tembung prakatagorial amargi menawi dereng pikantuk wuwuhan dereng saged dipungolongaken jinis tembung menapa.


Tembung ‘joged’ menika gadhah teges “solah bawa ingkang tinata miturut wiramaning gendhing” (Pourwadarminta, 1939:98). Sasampunipun pikantuk panambang {-an} tembung menika dados ‘jogedan’ ingkang tegesesipun “asiling saking tumindak joged”. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih panambang {-an} gadhahmakna “asiling saking tumindak ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun”. Saking data ingkang dipunanalisis kapanggihaken6tembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan {-an} ingkang maknanipunasiling tumindak ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.

b) Panambang {-an} + WD (Pr) Kanthi Makna Piranti Kangege Nindakaken Wujud Dhasaripun.

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan panambang {-an}. Pangrimbagipun tembung aran menika {-an} + WD (Pr). Salah satunggaling makna saking panambang {-an} inggih menika piranti kangege nindakaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Tembung aran andhahan mawi panambang {-an} wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(10)“arep nganakake **tatanan** kanggo mitulungi kabudayaan bangsane dhewe sing cilik-cilik, iya kudu sarembug karo wong-wong sing kudu nglakokake kabudayan”. (TAA 124)

Tembung ‘tatanan’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan dudu saengga dados dudu tatanan. Tembung ‘tatanan’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk panambang {-an}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘tatanan’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘tatanan’. Wuwuhan {-an} menika ewah dados {-nan} amargi pungkasaning tembung menika awujud vokal. Tembung ‘tatanan’ kadhapuk saking panambang {-an} saha wujud dhasar ‘tata’. Tembung ‘tata’ menika kalebet tembung prakatagorial amargi menawi dereng pikantuk wuwuhan tembung menika dereng saged dipungolongaken jinis tembung menapa.

Tembung ‘tata’ menika gadhah teges “becikipun pangatrap” (Pourwadarminta, 1939:594). Sasampunipun pikantuk panambang {-an} tembung menika dados ‘tatanan’ ingkang tegesipun “piranti kangge nindakaken tata”. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih panambang {-an} gadhahmakna “piranti kangge nindakaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun”. Sakingdata ingkang dipunanalisis kapanggihaken 6 tembung aran

andhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan {-an} ingkang maknanipunpiranti kangge nindakaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.

**f. Tembung Aran Andhahan Mawi Wuwuhan {-e}**


Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan panambang {-e}. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {-e} + WD (TA). Panambang {-e} menika *gadhahalomorf* {-e} saha *alomorf* {-ne}. Andharanipun saking wuwuhanmenika badhe kaandharaken ing ngandhap.

1) Tembung Aran Andhahan kanthi *alomorf* {-e}

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan panambang kanthi *alomorf* {-e}. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {-e} + WD (TA). Panambang {-e} menika ngandharaken makna tartamtu.Tembung aran andhahan mawi panambang *alomorf* {-e} wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(11)“Sing kanggo tandha nek ijabe wis kalakon kuwi wedhuse kang ditalikung **sikile**, bakal dibeleh. (TAA 36)

Tembung ‘sikile’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu sikile. Tembung ‘sikile’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk panambang {-e}. Kangge mangertosii kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘sikile’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘sikile’. Tembung ‘sikile’ kadhapuk saking panambang {-e} saha wujud dhasar ‘sikil’. Tembung ‘sikil’ menika kalebet tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu sikil.

Tembung ‘sikil’ menika gadhah teges “peranganing angganipun badan ingkang njagi awak” (Pourwadarminta, 1939:562). Sasampunipun pikantuk panambang {-e} tembung menika dados ‘sikile’ ingkang tegesipun “sikile”. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih panambang {-e} gadhahmakna “kepemilikan tartamtu”. Saking data ingkang dipunanalisis kapanggihaken 54 tembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan {-e}.


## 2) Tembung Aran Andhahan kanthi *alomorf* {-ne}

Wonten ing cariyo Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan panambang kanthi *alomorf* {-ne}. Panambang kanthi *alomorf* {-ne} menika menawi pungkasaning tembung awujud vokal. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {-ne} + WD (TA). Makna *alomorf* {-ne} menika ugi sami kaliyan *alomorf*

{-e} inggih menika ngandharaken makna tartamtu. Tembung aran andhahan mawi *alomorf* {-ne} wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(12)“**mitrane** si Kasin sing aran Dullah, dimungsuh banget dening Musa mau, mulane banjur minggat saka pulo kono, menyang Singapura”. (TAA 24)

Tembung ‘mitrane’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu mitrane. Tembung ‘mitrane’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan,saking wujud dhasar pikantuk panambang{-e}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘mitrane’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘mitrane’. Tembung ‘mitrane’ kadhapuk saking *alomorf* {-ne} saha wujud dhasar ‘mitra’. Tembung ‘mitra’ menika kalebet tembung aran amargi saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu mitra.

Tembung ‘mitra’ menika gadhah teges “kanca ingkang raket” (Pourwadarminta, 1939:318). Sasampunipun pikantuk *alomorf* {-ne} tembung menika dados ‘mitrane’ ingkang tegesipun ‘mitrane’. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih *alomorf* {-ne} gadhahmakna ‘kapemilikan

tartamtu'. Saking data ingkang dipunanalisis kapanggihaken 29 tembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthi *alomorf* {-ne}.

**g. Tembung Aran Andhahan Mawi Wuwuhan Bebarengan {pa-/an}**

wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang kawuwuhan, wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {pa-/an} + WD (TA), {pa-/an} + WD (TKr), saha {pa-/an} + WD (TKa). Wonten ing ngandhap menika badhe kaandharaken proses pandhapukipun tembung aran andhahan kanthi ngraketaken wuwuhan bebarengan {pa-/an} saha makna ingkang dipunasilaken wuwuhan bebarengan {pa-/an}.

1) Wuwuhan bebarengan {pa-/an} + WD (TA)

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar ingkang pikantuk wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {pa-/an} + WD (TA). Wuwuhan bebarengan {pa-/an} menika gadhah makna panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, saha jinis ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Andharanipun saged dipuntinggali ing ngandhap menika.


a) Wuwuhan bebarengan {pa-/an} + WD (TA) Kanthi Makna Panggenan ingkang Dipusebataken Wujud Dhasaripun.

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar saha wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {pa-/an} + WD (TA). Salah satunggaling makna saking wuwuhan bebarengan {pa-/an} inggih

menika panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan bebarengan {pa-/an} wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

(13)“Padhane, kalane kowe dadi panganten, sadurunge temu, pangantene lanang diarak nyang alun-alun turut **pacinan**. (TAA 31)

Tembung ‘pacinan’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu pacinan. Tembung ‘pacinan’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahansaking wujud dhasar pikantuk wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘pacinan’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘pacinan’. Tembung ‘pacinan’ menika wonten proses *asimilai vokal*, saking akhiran tembung lingga ingkang awujud vokal /a/ saha wuwuhan {-an} dados [a]. Tembung ‘pacinan’ kadhapuk saking wuwuhan bebarengan {pa-/an} saha wujud dhasar ‘cina’. Tembung ‘cina’ menika kalebet tembung aran amargi saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu cina.

Tembung ‘cina’ menika gadhah teges “bangsa Tionghwa” (Pourwadarminta, 1939:638). Sasampunipun pikantuk wuwuhan bebarengan {pa-/an} tembung menika dados ‘pacinan’ ingkang tegesipun “panggenan bagsa Tionghwa”. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih wuwuhan bebarengan {pa-/an} gadhahmakna “panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun”. Saking data ingkang dipunanalisis kapanggihakn setunggal kemawontembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan bebarengan {pa-/an} ingkangmaknanipun panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.


- b) Wuwuhan bebarengan {pa-/an} + WD (TA) Kanthi Makna Jinis Ingkang Dipunsebataken Wujud Dasaripun.

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar saha wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {pa-/an} + WD (TA). Salah satunggaling makna saking wuwuhan bebarengan {pa-/an} inggih menika jinis ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan bebarengan {pa-/an} wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(14)“Saikine umpamane uwong arep gawe tatanan murih becike, upamane wae tatanan netepake **paukuman**. (TAA 125)

Tembung ‘paukuman’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan

tembung dudu saengga dados dudu paukuman. Tembung ‘paukuman’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘paukuman’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘paukuman’. Tembung ‘paukuman’ kadhapuk saking wuwuhan bebarengan {pa-/an} saha wujud dhasar ‘ukum’. Tembung ‘ukum’ menika kalebet tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu ukum.

Tembung ‘ukum’ menika gadhah teges “pidana sarana dipunseksa badanipun” (Pourwadarminta, 1939:437). Sasampunipun pikantuk wuwuhan bebarengan {pa-/an} tembung menika dados ‘paukuman’ ingkang tegesipun “jinis saking ukum”. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih wuwuhan bebarengan {pa-/an} gadhahmakna “jinis ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun”. Saking data ingkang dipunanalisis kapanggihaken setunggal kemawon tembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan bebarengan {pa-/an} ingkang maknanipunjinis ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.

2) Wuwuhan bebarengan {pa-/an} + WD (TKr)

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar saha wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {pa-/an} + WD (Kr). Wuwuhan bebarengan {pa-/an} menika gadhah makna perangan ingkang dipun-D utawi dipun-D-aken, piranti kangge nindakaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, saha proses nirokaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Andharanipun saged dipuntinggali ing ngandhap menika.


- a) Wuwuhan bebarengan {pa-/an} + WD (TKr) Kanthi Makna Perangan Ingkang Dipun-D utawi Dipun-D-aken.

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar saha wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {pa-/an} + WD (TKr). Salah satunggaling makna saking wuwuhan bebarengan {pa-/an} inggih menika ingkang dipun-D utawi dipun-D-aken. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan bebarengan {pa-/an} kanthi makna ingkang dipun-D utawi dipun-D-aken wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(15)“jaman maleset saiki wek kepungkur, ora kurang **pagawean** kanggo wong wadon, kayata klerek kantor pos, jipro tilpon, jipro toko”. (TAA 41)

Tembung ‘pagawean’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi saged sumambung kaliyan tembung dudu

saengga dados dudu pagawean. Tembung ‘pagawean’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘pagawean’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘pagawean’. Tembung ‘pagawean’ kadhapuk saking wuwuhan bebarengan {pa-/an} saha wujud dhasar ‘gawe’. Tembung ‘gawe’ menika kalebet tembung kriya amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung anggone saengga dados anggone gawe.

Tembung ‘gawe’ menika gadhah teges “pakaryan, kwajiban ingkang dipuntindakaken” (Pourwadarminta, 1939:135). Sasampunipun pikantuk wuwuhan bebarengan {pa-/an} tembung menika dados ‘pagawean’ ingkang tegesesipun “ingkang dipungawe”. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih wuwuhan bebarengan {pa-/an} gadhahmakna “ingkang dipun-D utawi dipun-D-aken”. Saking data ingkang dipunanalisis kapanggihaken2 tembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan bebarengan {pa-/an} ingkang teges ingkang dipun-D utawi dipun-D-aken.


b) Wuwuhan bebarengan {pa-/an} + WD (TKr) Kanthi Makna Piranti Kangge

Nindakaken Menapa Ingkang Dipunsebataken Wujud Dhasaripun.

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar saha wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {pa-/an} + WD (TKr). Salah satunggaling makna saking wuwuhan bebarengan {pa-/an} inggih menika piranti kangge nindakaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan bebarengan {pa-/an} wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(16)“kowe apa ora kulak wataadol **prungan**, yen wawakile salah sijining pakumpulan wanita mentas munggah ing suralaya, sowan EyanTuwan Besar,perlu nyuwun warna-warna pasal, dene antarane bab sing warna-warna mau, yaiku supaya kaum putri uga bisa kapilih dadi lid guminterad”. (TAA 79)

Tembung ‘prungan’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu prungan. Tembung ‘prungan’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘prungan’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘prungon’. Tembung ‘prungon’ menika wonten proses *asimilai vokal*, saking akhiran tembung lingga ingkang awujud vokal /o/ saha wuwuhan {-an} dados [O]. Tembung ‘prungon’ kadhapuk saking wuwuhan bebarengan {pa-/an} saha wujud dhasar ‘rungu’. Tembung ‘rungu’ menika kalebet tembung kriya amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung anggone saenggo dados anggone rungu.

Tembung ‘rungu’ menika gadhah teges “dipuntlingakaken, dipungatosaken” (Pourwadarminta, 1939:633). Sasampunipun pikantuk wuwuhan bebarengan {pa-/an} tembung menika dados ‘prungon’ ingkang tegesesipun “piranti kangge runggu”. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih wuwuhan bebarengan {pa/-an} gadhahmakna “piranti kangge nidakaken menapa ingkang dipunsebaten wujud dhasaripun”. Saking data ingkang dipunanalisis kapanggihakensemunggal kemawontembung aran andhhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan bebarengan {pa-/an} ingksngmaknanipunpiranti kangge nindakaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.


c) Wuwuhan bebarengan {pa-/an} + WD (TKr) Kanthi Makna *Proses* nindakaken Menapa Ingkang Dipunsebataken Wujud Dhasaripun.

Wonten ing cariyo Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar saha wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {pa-/an} + WD (TKr). Salah satunggaling makna saking wuwuhan bebarengan {pa-/an} inggih menika *proses* kangge nindakaken menapa ingkang dipusebataken wujud

dhasaripun. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan bebarengan {pa-/an} wonten ing cariyos para abdi sami cecaturan saged dipuntinggali saking pethikan ing ngandhap menika.

(17)“Elinga yen mbakyu kuwi bangsane wong pinter, wong **pangajaran** weton Milo, lo, dadi iya ngreti banget nyang tingkah laku kang becik utawa kang ala”. (TAA 65)

Tembung ‘pangajaran’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu pangajaran. Tembung ‘pangajaran’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘pangajaran’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘pangajaran’. Tembung ‘pangajaran’ kadhapuk saking wuwuhan bebarengan {pa-/an} saha wujud dhasar ‘ngajar’. Tembung ‘ngajar’ menika kalebet tembung kriya amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung anggone saengga dados anggone ngajar.

Tembung ‘ngajar’ menika gadhah teges “mulang, ngengulang” (Pourwadarminta, 1939:373). Sasampunipun pikantuk wuwuhan bebarengan {pa-/an} tembung menika dados ‘pangajaran’ ingkang tegesesipun “Proses ngajar”.


Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih wuwuhan bebarengan {pa-/an} gadhahmakna “proses nindakaken menapa ingkang dipunsebataken wujuddasaripun”. Saking data ingkang dipunanalisis kapanggihaken2tembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan bebarengan {pa-/an} ingkangmaknanipunproses ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.

### 3) Wuwuhan bebarengan {pa-/an} + WD (Ka)

Wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar saha wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {pa-/an} + WD (Ka). Makna saking wuwuhan bebarengan {pa-/an} ingkang wujud dhasaripun tembung kaanan inggih menika panggenan ingkang gegayutan kaliyan menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan bebarengan {pa-/an} kanthi wuju dhasaripun tembung kaanan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan saged dipuntinggali saking petikan ing ngandhap menika.

(18)“Kuwi dudu **pasemon**, niyate ngarani mentah-mentah”. (TAA 13)

Tembung ‘pasemon’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu pasemon. Tembung ‘pasemon’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahansaking wujud dhasar pikantuk wuwuhan bebarengan {pa-/an}. Kange mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘pasemon’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘pasemon’. Tembung ‘pasemon’ menika wonten proses *asimilai vokal*, saking akhiran tembung lingga ingkang awujud vokal /u/ saha wuwuhan {-an} dados [O]. Tembung ‘pasemon’ kadhapuk saking wuwuhan bebarengan {pa-/an} saha wujud dhasar ‘semu’. Tembung ‘semu’ menika kalebet tembung kaanan amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung rada utawi banget saengga dados rada semu utawi semu banget.

Tembung ‘semu’ menika gadhah teges “glagat ingkang kawahya ing polatan” (Pourwadarminta, 1939:555). Sasampunipun pikantuk wuwuhan bebarengan {pa-/an} tembung menika dados ‘pasemon’ ingkang tegesipun “panggenan ingkang semu”. Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih wuwuhan bebarengan {pa-/an} gadhahmakna “panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun”. Saking data ingkang dipunanalisis kapanggihaken 2 tembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan bebarengan {pa-/an} + WD (Ka).


#### **h. Tembung Aran Andhahan Mawi Wuwuhan Bebarengan {ka-/an}**

Wonten ing cariyo Para Abdi Sami Cecaturan menika kapanggihaken tembung aran ingkang kadhapuk saking wujud dhasar saha wuwuhan bebarengan {ka-/an}. Pangrimbagipun tembung aran andhahan menika {ka-/an} + WD (Ka).

Makna saking wuwuhan bebarengan {ka-/an} inggih menika perangan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan bebarengan {ka-/an} wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan saged dipuntinggali wonten ing pethikan ing ngandhap menika.

(19) “wong rong golongan iki rak ora liya mung arep nguruhi wong kang padha nduwe **kapreluan** ana ing pasar wae. (TAA 111)

Tembung ‘kapreluan’ ingkang kacithak kandel ing pethikan nginggil menika kalebet tembung aran amargi tembung menika saged sumambung kaliyan tembung dudu saengga dados dudu kapreluan. Tembung ‘kapreluan’ menika minangka tembung aran ingkang wujudipun tembung andhahan, saking wujud dhasar pikantuk wuwuhan bebarengan {ka-/an}. Kangge mangertosi kadospundi pangrimbagipun, pramila tembung ‘kapreluan’ badhe kaudhal kados ing ngandhap menika.



Saking skema ing nginggil saged dipunmangertosi wujud dhasar kaliyan wuwuhan ingkang ndapuk tembung ‘kapreluan’. Tembung ‘kapreluan’ kadhapuk saking wuwuhan bebarengan {ka-/an} saha wujud dhasar tembung lingga ‘prelu’. Tembung ‘prelu’ menika kalebet tembung kaanan amargi saged sumambung kaliyan tembung rada utawi banget saengga dados rada prelu utawi prelu banget.

Tembung ‘prelu’ menika gadhah teges “butuh migunakake” (Pourwadarminta, 1939:555). Sasampunipun pikantuk wuwuhan bebarengan {ka-

/-an} tembung menika dados ‘kapreluan’ ingkang tegesesisipun “kabutuhan”.

Saking andharan menika saged dipunmangertosi bilih wuwuhan bebarengan {ka/-an} gadhahmakna “perangan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun”. Saking dhata ingkang dipunanalisis kapanggihaken 10 tembung aran andhahan ingkang kadhapuk kanthi wuwuhan bebarengan {ka/-an} + WD (Ka).

## 2. ***Produktifitas Wuwuhan Ingkang Ndapuk Tembung Aran Andhahan.***

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi *produktifitas* wuwuhan ingkang ndhapuk tembung aran andhahan. *Produktifitas* wuwuhan ingkang ndhapuk tembung aran andhahan saged dipuntingali kanthi nandhingaken jumlah wuwuhanipun. Andharan *produktifitas* wuwuhan ingkang ndhapuk tembung aran badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

- a. Wuwuhan {-e} salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan gunggungipun wonten 83. Wuwuhan menika *produktif* menawi dipuntandingaken kaliyan wuwuhan sanes.
- b. Wuwuhan {-an} salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan gunggungipun wonten 23. Wuwuhan menika *produktif* menawi dipuntandingaken kaliyan wuwuhan sanes.
- c. Wuwuhan {ka/-an} salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan gunggungipun wonten 10. Wuwuhan menika kirang *produktif* menawi dipuntandingaken kaliyan wuwuhan sanes.
- d. Wuwuhan {pa/-an} salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan gunggungipun wonten 9. Wuwuhan menika kirang *produktif* menawi dipuntandingaken kaliyan wuwuhan sanes.

- e. Wuwuhan {pa-} salebeting cariyos Para Abdi Sami Cecaturan gunggungipun wonten 2. Wuwuhan menika kirang *produktif* menawi dipuntandingaken kaliyan wuwuhan sanesipun.
- f. Wuwuhan {paN-} salebeting cariyos Para Abdi Sami Cecaturan gunggungipun wonten 2. Wuwuhan menika kirang *produktif* menawi dipuntandingaken kaliyan wuwuhan sanes.
- g. Wuwuhan {pi-} salebeting cariyos Para Abdi Sami Cecaturan gunggungipun wonten 2. Wuwuhan menika kirang *produktif* menawi dipuntandingaken kaliyan wuwuhan sanes.
- h. Wuwuhan {pra-} salebeting cariyos Para Abdi Sami Cecaturan gunggungipun wonten 1. Wuwuhan menika kirang *produktif* menawi dipuntandingaken kaliyan wuwuhan sanes.

Saking andharan ing nginggil saged dipunmangertosi bilih wuwuhan ingkang paling *produktif* inggih menika wuwuhan {-e} saha wuwuhan {-an}. Wuwuhan {-e} menika gunggungipun wonten 83, wuwuhan {-an} gunggungipun wonten 23. Wuwuhan ingkang kirang produktif inggih menika wuwuhan {pa-}, {paN-}, {pra-}, {pi-}, {pa-/an}, saha {ka-/an}.

## **BAB V**

### **PANUTUP**

#### **A. DUDUTAN**

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun katindakaken ngengingi tembung aran andhahan salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan saged kadamel dudutan. Dudutan saking asiling panaliten saha pirembagan wonten ing ngandhap menika.

1. Tembung aran andhahan salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan cacahipun wonten 132 tembung. Saking sedaya tembung aran andhahan menika saged dipunperang dados 8 kelompok adhedhasar jinis wuwuhan ingkang ndhapuk. Jinis wuwuhan ingkang kapanggihaken ndhapuk temubung aran andhahan salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan inggih menika {pa-}, {paN-}, {pra-}, {pi-}, {-an}, {-e}, {pa-/an}, {ka-/an}.
2. Makna wuwuhan ingkang ndhapuk tembung aran andhahan wonten ing cariyos Para Abdi Sami Cecaturan menika antawisipun :
  - a. Tembung aran mawi wuwuhan {pa-} kanthi wujud dhasaripun tembung kriya gadhah makna perangan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.
  - b. Tembung aran mawi wuwuhan {paN-} kanthi wujud dhasaripun tembung *prakatagorial* gadhah makna ingkang dipun-D.
  - c. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan {pra-} kanthi wujud dhasaripun tembung *prakatagorial* gadhah fungsi ndhapuk tembung aran.

- d. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan {pi-} kanthi wujud dhasaripun tembung kriya gadhah makna ingkang dipun-D/ ingkang dipun-D-aken.
- e. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan {-an} saged kdhapuk saking jinis tembung aran, tembung kaanan, saha tembung prakatagorial. Makna tembung aran mawi wuwuhan {-an} kanthi wujud dhasaripun tembung aran gadhah makna panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, nirokaken utawi kados ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, saha ingkang dipun-D. Makna tembung aran andhahan mawi wuwuhan {-an} kanthi wujud dhasaripun tembung kaanan gadhah makna perangan ingkang sifatipun kados ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Makna tambung aran andhahan mawi wuwuhan {-an} kanthi wujud dhasaripun tembung *prakatagorial* gadhah makna asiling tumindhak ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, saha piranti kangege nindhakaken menapa ingkang kasebut ing wujud dhasaripun.
- f. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan {-e} kanthi wujud dhasaripun tembung aran gadhah makna kapemilikan tartemu.
- g. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan {pa-/an} menika saged kadhapuk saking jinis tembung aran, tembung kriya, tembung kaanan. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan {pa-/an} kanthi wujud dhasaripun tembung aran gadhah makna panggenan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, saha jinis ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan {pa-/an} kanthi wujud dhasaripun tembung kriya gadhah makna perangan ingkang dipun-D utawi dipun-D-aken, piranti kangege

- nindakaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun, saha proses nirokaken menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun. Tembung aran mawi wuwuhan {pa-/an} kanthi wujud dhasaripun tembung kaanan gadhah makna panggenan ingkang gegayutan kaliyan menapa ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.
- h. Tembung aran andhahan mawi wuwuhan {ka-/an} kanthi wujud dhasaripun tembung kaanan gadhah makna perangan ingkang dipunsebataken wujud dhasaripun.
3. Saking 132 wuwuhan tembung aran andhahan ingkang kapanggihaken salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan saged dipunmangertosi wuwuhan pundi ingkang *produktif* saha ingkang kirang produktif. *Produktifitas* wuwuhan dipuntinggali saking kathahipun *data*. Cariyos Para Abdi Sami Cecaturan kapanggihaken bilih panambang {-e} saha panambang {-an} minangka wuwuhan ingkang paling *produktif*. Wuwuhan {-e} gunggungipun wonten 83, wuwuhan {-an} gunggungipun wonten 23. Wuwuhan ingkang kirang produktif wonten 6, inggih menika wuwuhan {pa-}, {paN-}, {pra-}, {pi-}, {pa-/an}, saha {ka-/an}.

## B. Implikasi

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun katindakaken ngengingi tembung aran andhahan salebetung cariyos Para Abdi Sami Cecaturan kapanggihaken kathah jinis saha gunggungipun tembung aran andhahan. Panaliten menika migunani kangge nambah kempalan panaliten ngengingi *bidang linguistik* mliginipun bab tembung aran andhahan. Asiling

panaliten bab pandhapuking tembung aran andhahan saha teges tembung aran andhahan saged dados pambiyantu tumrap para pamaos amrih langkung paham tetembungan salebeting cariyos Para Abdi Sami Cecaturan mliginipun tembung aran andhahan. Jumbuh kaliyan pasinaon, asiling panaliten menika saged dipunginakaken kangege *referensi* ngrembag bab *morfologi* mliginipun bab tembung aran andhahan.

### C. Pamrayogi

adhedhasar saking asiling panaliten saha pirembagan saking panaliten menika wonten pamrayogi ingkang prelu dipungatosaken. Pamrayogi menika badhe kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Panaliten menika ngandharaken pandhapuking tembung aran andhahan, teges, saha *produktifitas* jinis wuwuhan ingkang saged ndhapuk tembung aran andhahan kemawon. Awit saking menika saged dipunlajengaken panaliten ingkang ngandharaken tembung aran rangkep, utawi tembung aran camboran.
2. Tumrap mahasiswa ingkang gadhhah greged nindhakaken panaliten ingkang jumbuh, saged ngrembag jinis tembung sanesipun.

## KAPUSTAKAN

- Antunsuhono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Djokdja: Hien Hoo Sing.
- Mouliono, Anton M. 2007. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta : Balai Pustaka.
- Mulyana. 2011. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakart: Kanwa Publiser.
- Nurhayati, Endang saha Siti Mulyani. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Partini. 2010. *Emas Sumawur Ing Baluwarti*. Yogyakarta: Pura Pustaka.
- Poedjasoedarmo, Soepomo dkk. 1979. *Morfologi Basa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B Wolters Groningen.
- \_\_\_\_\_. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Jakarta: Noordhoff Koff N.V.
- Ramlan, M. 1978. *Ilmu Bahasa Indonesia Morfologi Suatu Tinjauan Diskriptif*. Yogyakarta : CV Karyono.
- Samsuri. 1983. *Analisis Bahasa*. Jakarta: Erlangga.
- Sasangka, SS Catur Wisnu. 2001. *Parama Sastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Setiyanto, Aryo Bimo. 2010. *Parama Sastra Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Subalidinata. 1994. *Kawruh Paramasastra Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusatama.
- Sudaryanto. Peny. 1988. *Metode Linguistik Ke Arah Metode Linguistik*. Bagian Pertama. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- \_\_\_\_\_. 1992. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Pres.

- Verhar J. W. M. 1996. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- Wedhawati. 2001. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Jakarta: Departemen Pendidikan Nasional.

# **LAMPIRAN**

No	Ukara	Jinis Tembung	Wuwuhan	Nosi	katrangan
1	"Wong iya wis <b>omahe</b> dhewe, tur katone ing kampung kono iyo mbalindrik dhewe" (TAA 1)	Tembung aran	{-e}	Kapemilikan tartemtu	<pre> graph TD     omahe[omahe] --&gt; omah[omah]     omahe --&gt; {-e}[-e]   </pre>
2	"Nadyan ana ing sajeroning kampung wong sing ora sumurup laku iso ngarani, iki mesthi <b>daleme</b> pak lurah, ora-orane iya <b>daleme</b> mas kabayan." (TAA2)	Tembung aran	{-e}	Kapemilikan tartemtu	<pre> graph TD     daleme[daleme] --&gt; dalem[dalem]     daleme --&gt; {-e}[-e]   </pre>
3	"Apa rumagnsamu Truk, depeh papanmu anyar iki <b>jenenge</b> Plihpelan nomer 55, sajak mbelandain, apa drajatmu banjur mundhak, banjur disebut Kanjeng Tuwan Menir, mengkono apa?" (TAA 3)	Tembung aran	{-e}	Kapemilikan tartemtu	<pre> graph TD     jenenge[jenenge] --&gt; jeneng[jeneng]     jenenge --&gt; {-e}[-e]   </pre>
4	"kae nek kakangmu nyambut gawe sethithik wae <b>cangkeme</b> iya terus ngecuwis." (TAA 4)	Tembung aran	{-e}	Kapemilikan tartemtu	<pre> graph TD     cangkeme[cangkeme] --&gt; cangkem[cangkem]     cangkeme --&gt; {-e}[-e]   </pre>
5	"Mangga Mbakyu, Mas Nala, utawa kowe <b>Pakne</b> kampret sami ngasodhahardhahar rumiyen." (TAA 5)	Tembung aran	{-e}	Kapemilikan tartemtu	<pre> graph TD     pakne[pakne] --&gt; pak[pak]     pakne --&gt; {-e}[-e]   </pre>
6	"Ayo <b>Bune</b> muleh wae." (TAA 6)	Tembung aran	{-e}	Kapemilikan tartemtu	<pre> graph TD     bune[bune] --&gt; bu[bu]     bune --&gt; {-e}[-e]   </pre>

7	“Aku karo mbakyu, dene kowe Kang Gareng kari Adhimu, <b>Makne Kampret.</b> ” (TAA 7)	Tembung aran	{-e}	Kapemilikan tartemtu	<pre> graph TD     makne[makne] --&gt; mak[mak]     makne --&gt; ne[-ne]   </pre>
8	“ <b>Kretune</b> kok tanggung temen, inggih sampun harten.” (TAA 8)	Tembung aran	{-e}	Kapemilikan tartemtu	<pre> graph TD     kretune[kretune] --&gt; kretu[kretu]     kretune --&gt; ne[-ne]   </pre>
9	“Samber gelap, kudu tak ruwes wae <b>irunge.</b> ” (TAA 9)	Tembung aran	{-e}	Kapemilikan tartemtu	<pre> graph TD     irunge[irunge] --&gt; irung[irung]     irunge --&gt; ne[-ne]   </pre>
10	“Wis, cilaka sing kula nuwun-kula nuwun kae kaya-kaya <b>kaume.</b> ” (TAA 10)	Tembung aran	{-e}	Kapemilikan tartemtu	<pre> graph TD     kaume[kaume] --&gt; kaum[kaum]     kaume --&gt; ne[-ne]   </pre>
11	“E lae, <b>suwargane</b> wong tuwa kuwi ora kaya wong kang isih rinubung ing anak putu.” (TAA 11)	Tembung aran	{-e}	Kapemilikan tartemtu	<pre> graph TD     suwargane[suwargane] --&gt; suwarga[suwarga]     suwargane --&gt; ne[-ne]   </pre>
12	“ <b>Bumbune</b> sarwa sumedhengan.” (TAA 12)	Tembung aran	{-e}	Kapemilikan tartemtu	<pre> graph TD     bumbune[bumbune] --&gt; bumbu[bumbu]     bumbune --&gt; ne[-ne]   </pre>
13	“Kuwi dudu <b>pasemon</b> , niyate ngarani mentah-mentah.” (TAA 13)	Tembung kaanan	{pa/-an}	Panggenan gegayutan menapa dipunsebataken	<pre> graph TD     pasemon[pasemon] --&gt; pa[-pa]     pasemon --&gt; semu[semu]   </pre>

				dhasaripun.	
